ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№87 (24.681) • 2024 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 20, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Лъэпкъ зэкъуэшыныгъэр сыт хуэдэ къулеигъэми йофIэкI

Кавказым и къэфакIуэхэмрэ уэрэджыIакIуэхэмрэ ягъэдэхащ бадзэуэгъуэм и 13 - 14-хэм Белоруссием и Витебск къалэм щызэхэта «Славянский базар в Витебске-2024» лъэпкъыбэ макъамэ фестивалыр.

ХАБЗЭ хъуауэ, гъэ хъэс дуней псом и артист нэхъ цIэрыIуэхэр щызэхуос а зэхыхьэм. Иджырейм къэрал 40-м щIигъу зэхуишэсащ. Ар къызэрызэрагъэпэщрэ мы гъэм илъэс 33-рэ ирокъу. Мыгъэрей фестивалым и программэр нэхъ гъэцIэгъуэну икIи щIэщыгъуэу зэхагъэуващ. Абы хагъэхьащ «Kavkaz Music Fest» зэныбжьэгъугъэ фестивалри. Витебск и утыкум зыкъыщагъэлъэгъуащ Кавказым (Шэшэным, Ингушым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Дагъыстэным) и вагъуэ нэхъ цIэрыIуэхэм. «Славянский базар» фестивалым Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIэкIэ хэтащ Тут Заур, Нэхущ Чэрим, Текуев Амур, Апэнэс Астемыр, «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблыр.

Кавказ Ищхъэрэм и артист пажэхэу Тут Заур, Царикати Феликс, Хъыжьрокъуэ СулътIан, Текуев Амур, Каримов Ренат, Межиевэ Маккэ, Байкаев Мурад, Апэнэс Астемыр, Албот Марьянэ, Нальгиевэ

Лемэ фестивалым и утыкум Iэгуауэш-хуэкIэ щрагъэблэгъащ. Гур хэзыгъахъуэт зи уэрэд жыIэкIэр куэдым фIыуэ ялъагъу артистхэм «Всем салам!» уэрэдыр зэрызэдагъэзэщIам укIэлъыплъыныр, зыхуэбгъадэ хъун щымыIэ «Кабардинка» къэрал ансамблым и къэфакIуэхэм утыкур къыдагъэбжьыфIэу.

«Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ гупым ягъэдэхащ «Лъэпкъ зэкъуэшыныгъэр сыт хуэдэ къулеигъэми йофIэкI» кIэух концертыр. Лъапэпцийуэ ди цIыхубэ къафэ гъуазджэм и дахагъэр зыгъэлъагъуэ ди къэфакIуэхэр щIэщыгъуэ ящыхъунтэкъэ?! Псом хуэмыдэу къыу хужьым хуэдэ пщащэ зэкIужхэм я къэфэкIэр! Республикэм и лIыкIуэхэр фестивалым зэрыхэтам щыхьэт техъуэ щIыхь тхылъкIэ, удз гъэгъарэ саугъэтхэмкIэ ягъэлъэпIащ.

2022 гъэм Налшык япэу щагъэлъэгъуауэ щытащ «Kavkaz Music Fest» междунарднэ макъамэ фестивалыр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ. Абы и продюсер икIи къызэгъэпэщакIуэ Хьэцей Тимур зэрыжиIэмкIэ, илъэситху хъуауэ ар зыдэлажьэ «Славянский базар» фестивалырщ абы хуэзышар. И къалэн нэхъыщхьэр зызымыхъуэжу къонэж – Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэр нэгъуэщIхэм къегъэцIыхуныр, адрейхэм ейми зыщыгъэгъуэзэныр.

«Kavkaz Music Fest» фестивалыр «Славянский базар в Витебске» зэхыхьэм къызэрыщхьэщыкIыр иужьрейм махуэ зыщыплI зэрыхухахымрэ артист нэхъ мащIэ зэрыхэтымрэщ, щIыналъэ къэс зы уэрэджыIакIуэрэ къэфакIуэ гупрэ. Зэхыхьэм жэщитI-махуитKIэ зэпымыууэ я нэгу зыщрагъэужьащ балигъэми сабийхэми. IэпщIэлъапщIэхэм я къалэм къыщащэхуащ ятIэ гъэжьам, пхъэм, фэм, абджым, щэкIым къыхэщIыкIа хьэпшыпхэр, цIыхубзхэм зэрызагъэдахэ цIуугъэнэхэр, лъэпкъ фэилъхьэгъуэхэр, сабийхэр зэрыджэгу хьэпшыпхэр.

Фестивалым и къыхуеджэныгъэ хъуащ Газманов Олег игъэзэщIа «Это всё для вас» уэрэдыр. Мариинскэ театрым и оперэ уэрэджыIакIуэхэу Серовхэ Андрейрэ Натальерэ зэдагъэзэщIащ Симонов Константин и усэ цIэрыIуэм къытращIыкIа «Жди меня и я вернусь!» уэрэдыр, Белоруссиер щхьэхуит къызэращIыжрэ илъэс 80 зэрырикъум и щIыхькIэ.

Мыри узыщыгуфIыкIынщ: «Славянский базар» зэхыхьэм къикIуа илъэс 33-рэ гъуэгуанэм къриубыдэу япэу Iэ щытрадзащ фестивалитIыр зэшэлIэным теухуа зэгурыIуэныгъэм. ЩэнхабзэмкIэ «Витебск» центрымрэ «Славянский базар в Витебске» лъэпкъыбэ фестивалымрэ я унафэщI Лапицкий Глеб къыхигъэщащ зэхыхьэм и къалэн нэхъыщхьэр лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр зэрыарар.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Анэр зыгъэлъапIэ

Налшык дэт къэрал Лъэпкъ музейм къыщызэIуахащ сурэтыщI, скульпор цIэрыIуэ, зи Iэдакъэщ Iэкlхэр дуней псом фIыуэ щалъагъу Сэвкlуий Хьэмид и лэжьыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ. Ар зытраухуар сурэтыщIыр дыздэрыт мазэм илъэс 60 зэрырикъурщ. «Анэ» - аращ фIищар гъэлъэгъуэныгъэм, цIыхум и дуней къытехьэгъуи, и псэугъуи, и текIыжыгъуи гупсысэ куу щIилъхьэу.

IУЭХУМ зыкърезыгъэхьэлIахэр къригъэблэгъащ музейм и унафэщI **Накуэ Феликс**.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, КъБР-м и Правительствэм къабгъэдэкIыу сурэтыщIым ехъуэхъуащ Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Хъубий Марат**. Абы Сэвкlуийм иритащ КъБР-м и Правительствэм къыбгъэдэкI ЩIыхь тхылъ.

- Бадзэуэгъуэм и 20-м илъэс 60 зэрырикъур игъэлъэпIэнущ цIыху щэджащэ, Художествэхэмкlэ Урысей академием и академик, УФ-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ сурэтыщI Сэвкlуий Хьэмид. Щэнхабзэмкlэ министерствэм игъэхьэзыращ мы мазэр и кIэм нэблэгъэху абы теухуауэ республикэм щекIуэкIыну зэIущIэхэмрэ гъэлъэгъуэныгъэхэмрэ.

ЖивописымкIэ, скульптурэмкIэ, архитектурэмкIэ Санкт-Петербург Репиным и цIэр зэрихьэу щыIэ къэрал академическэ институтыр къэзыуха щIалэм и лэжьыгъэхэм щынэрылъагъущ Урысейм и гъуазджэм и къулеигъыр, республикэм хуиIэ лъагъуныгъэр, лъэпкъым и хабзэ-щэнхабзэр.

Сэвкlуий Хьэмид и IэдакъэщIэкIхэр къыщацIыхур ди къэралым и закъуэкъым. Голландием, Испанием, Китайм, Къыргъызым, нэгъуэщI щIыналъэ куэдми щыцIэрыIуэщ абы и сурэтхэмрэ скульптурэхэмрэ. 1996 гъэм щегъэжьауэ Хьэмид езым къиуха институтым гъуазджэр щрегъэдж – зыхуэIэзэр щIэблэм яб-гъэделъхьэ, - жиIащ Хъубийм. – Республикэм фIыщIэ ин къыпхуещI щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ хуэпщI хэлъхьэныгъэшхуэм папщIэ, - зыхуигъэзащ абы сурэтыщIым. - АдэкIи лэжьыгъэм гукъыдэж къыхэпхыу упсэуну ди гуапэщ. Псом нэхъыщхьэращи, уэ цIыхубэм я псэм удыхьащ Iэщ Iагъэ дахэкIэ.

Урысей Федерацэм гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ХьэIупэ ДжэбрэIил** жиIащ Сэвкlуийм Тхьэм кърита зэчий лъагэ зэриIэр, и лэжьыгъэхэм езы сурэтыщIым и псэри къызэрытещыр.

- Сурэт телъыджэхэм соплъри, зыхэщIэм и къарум сиыгъщ, си тэмакъым фIэлъщ, симыгъэпсалъэу. Гъэлъэгъуэныгъэм и фIэщыгъэ къудейми пщIэ хуэфащэщ – «Анэ!». Хьэмид Тхьэм къритащ зыхуэныкъуэкIэ хъуну псори. Узыншэу и гум илъ телъыджэхэр къигъэлъагъуэу Тхьэм игъэпсэу, цIыхубэм ядэгуашэу. Хьэмид, Тхьэм ухущIигъэхьэ! - жиIащ абы.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

(КIэухыр 2-нэ нап.)

Анэр зыгъэлъапІэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

- Сэвкіуий Хьэмид зыми хуэдэкъым. Езым и лъэщэкІэ, и хъэтІ, и дуней къэгъэщІыкІэ иІэжщ. Я купщІэкІэ мы лэжьыгъэхэр зэпкърыпхыну иужь уихьэмэ, ар зы тхылъми ихуэнукъым. ГъащІэ псо мэхъу. Сигу къокІыж Хьэмид Санкт-Петербург еджапІэ кІуэну зэрежьар. Сэ сохъумэ абы и диплом лэжьыгъэр екІурэ ещхьу щыпхигъэкІам траха видеотхыгъэр. Сыщыгъуаззщ Сыбырым Хьэмид и Іэдакъэщ1экІхэр нэхъ зэрацІыхум. Абы къыщрахьэкІ сурэтыщІым и лэжьыгъэхэр зэрыт тхылъ цІыкІуэхэр тІорысэ дыдэ хъужауэ, зэпымыууэ цІыхуІэ зэреІусэр нэрылъагъуу. Сэвкіуий Хьэмид и лэжьыгъэхэр гъуазджэм и лъагапІэщ, философием и курыхщ, - жиІащ УФ-м Художествэхэмкіэ и академием и академик **Пащты Герман**.

«КъуэкІыпІэм и лъэпкъ гъуазджэхэмкІэ къэрал музейм» Кавказ Ищхъэрэм щиІэ и къудамэм и унафэщІым и къуэдзэ **Сулеймановэ ФатІимэ** жиІащ Сэвкіуий Хьэмид и гъэлъэгъуэныгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и пщІэр зыІэт тыгъэ лъапІэу къыззрилъытэр.

- Сурэтхэр зыфІэлъ пэшым укъыщыщІыхьэкІэ уи гум зекъуз, апхуэдизу мыбы щыплъагъухэр зыхыбощІэри. Сэрэтхэм дыхохьэ, абыхэм къарыщхэр тцІыху хуэдэу къытщыхъуу, ди псэм пэгъунэгъуу, абыхэм депсэлъэну дыхуейуэ. СэрэтыщІым и гупсысэкІэр зэрыкуур щынэрылъагъущ дэтхэнэ лэжьыгъэми, - жиІащ ФатІимэ.

- Гъуазджэм щхьэкІэ жаІэ ар дамыгъэ щэхуу, иероглифу, къару нэрымылъагъуу. Достоевскэм итхауэ щытащ ишхынрэ щитІэгъэнрэ зэрыхуэныкъуэм хуэдэ дыдэу цІыхур гъуазджэми хуэныкъуэу. Японхэм жаІэ сурэтыщІым дежкІэ насып нэхъ ин дыдэр абы Тхьэм зыпилъытрэ и дуней къыщигъэщІыр, а дунеймкІэ цІыхубэм щадэгуашэр арауэ. Нобэ мы Іуэху дахэм хэтхэм шэч къытрахьэну си гугъэкъым Сэвкіуий Хьэмид гупсысэкІэ дуней телъыджэ къызэригъэщІам. Сэвкіуийр сэ фІыуэ щІэслъагъур зэрысурэтыщІым и закъуэкъым - абы и дуней тетыкІэри дахэщ. Ар цІыху гуапэщ, ныбжьэгъу пэжщ, къуэфІщ, къуэшыфІщ, адэ гумащІэщ. Мисри мы гъэлъэгъуэныгъэр нэхъри екІу ещІри Хьэмид и анэм хидыкІа хьэпшып дахэм. Сэ срогушхуэ ар сызэриныбжьэгъум, - жиІащ КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ **Бгъэжьнокъуэ Заурбэч**.

Лэскэн районым и администрацэм и унафэщІым и къуэдзэ **Насып Люсенэ** сурэтыщІым иритыжащ щІыналъэм къыбгъэдэкІыу хуагъэфэща щыхь тхылъыр икІи жиІащ яхуеблагъэмэ, гъуазджэм дихьэх щІалэгъуалэм яхуэзэмэ зэрагуапэр.

КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ, Художествэхэмкіэ Урысейм и академием и академик **Црым Руслан** жиІащ Сэвкіуий Хьэмид и лэжьыгъэхэр щытхъумэну музей диІэныр щхьэпэу къызэрилъытэр.

- Мыпхуэдиз дахагъэм укъыхэхута нэужь, нэхъри гу лъыботэж дызыхунэмысахэмрэ тщІэн хуейуэ къэнахэмрэ. Куэд щІакъым Леонардэ да Винчи адыгэм къызэрыдэпхам щыхьэт техъуэ хъыбархэр къызэрытІэрыхьэрэ. Гулъытэ хуэтщІа? - ХуэтщІакъым! Шемякин Михаил зыбжанэрэ щыІащ республикэм проектхэр и хьэзыру. Ар къызытекІуэхьахэмкІи дгъэщІэхъуащ.

Мис иджы Сэвкіуий Хьэмид и гур къытхуэзІуихри, хуиту дригъэплъащ. Долъагъу и сурэтхэр зэрытелъыджэр. Абы къыхэкІыу, сэ зы гупсысэ фэсхьэлІэну сыхуейт: сурэтыщІым и Іэдакъэщ1экІхэр щытхъумэн, зэпымыууэ лэжьэн музей диІатэмэ фІыт. Ди щІыналъэми, гъунэгъу республикэхэми, къэралым и адрей щІыпІэхэми къикІ цІыхухэр зыщыгуфІыкІынт ар. ПхуэмыгъэззщІэн хуэдиз дыдэуи щыткъым! - жиІащ Црымым.

КъБР-м и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Къаныкъуэ Жаннэ** Сэвкіуий Хьэмид иритащ Урысейм и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм къыхуигъэфэща медалыр.

- Нобэрей гъэлъэгъуэныгъэм утепсэлъыхьыныр мащІэщ. Къытедгъаззэу деплъын, дыхэтын хуейщ сурэтхэм, - жиІащ абы.

- Сэвкіуий Хьэмид сэ соцІыху и сабиигъуэм щыщІэдзауэ. Сыщыгъуаззщ гъэсэныгъэ тэмэм щигъуэта унагъуэ дахэ къызэрыхэхъуькІам, ар щІэныгъэм хуэпабгъэу сыт щыгъуи зэрыщытам. Хьэмид ищІа сурэтхэм соплъри, къызоцІыхуж си къуажэгъу куэд. ГъащІэм сызыщрихьэлІахэр, щысцІыхухэр сурэтыщІ Іэзэм и Іэдакъэщ1экІхэм лІыхъужьу хэтщ. Ар куэд и уасэщ. Сурэт къэс укъытеувыІэу утепсэлъыхь хъунущ, бгъуэтынущ дэтхэнэми щІэщыгъуэу хужьпІэн. Хьэмид езыр зэпІэзэрытщ егъэлеяуэ, и псалъэр кІэщІрэ гупсысэу хилъхьэр кууу апхуэдэщ. Гуапагъэ хэлъщ, пэжым тетщ, - жиІащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**. Ар сурэтыщІым ехъуэхъуащ узыншэу гъуазджэм куэдрэ щыпъэщэну икІи зыхуигъэзащ, - Хьэмид, Лэскэн ЕтІанэм гъуэгу утригъэуващ, Къэбэрдей-Балъкъэрым уи гурылъхэр къыбдИыгъащ. Иджы нобэ уэ дуней псор къыпхуэныкъуэщ. Тхьэм ухущІигъэхьэ!

Лъэпкъым къабгъэдэкІыу къэпсэлъащ **Сэвкіуий Аслъэн**.

- Сурэтыщ1ым и гупсысэхэр уафэмкІэ гъэзауэ си гугъэщ. АтІэ цІыхугумрэ Тхьэмрэ зэраухылІа гупсысэ куухэр цІыхубэм зыхащІэн хуэдизу теплъэ зэхуэмыдэхэмкІэ къэбгъэлъэгъуэныр ар телъыджэкъэ!

Хьэмид езым и щэным къыхощ зыкъызэрилъыхъуэжыр. Дунейм зыкъыхегъуатэ езым, къыхегъуатэ и лъэпкъыр, и унагъуэр, и дадэжьхэр. Къыгуроіуэ ди къежьапІэр зыхуэдэр. Ар и Іэдакъэщ1экІхэм къыщыдопсалъэ Лэскэн ЕтІуанэм и цІыхухэр. Уеблэмэ нарт эпосым триуху лэжьыгъэхэми уащрохьэлІэ. Сурэтхэм гъащІэ яхыболъагъуэ: гуауи, гуфІэгъуи, къэхъугъи, лІэныгъи, - жиІащ Аслъэн.

Сэвкіуий Хьэмид фІыщІэ яхуищІащ Іуэхур къызэзыгъэпэщахэм, абы хэтахэм, дэІэпыкъуэгъу хъуахэм.

- ИкъукІэ сэркІэ гуапэщ нобэ сэ стеухъууэ жыфІа псалъэ дахэхэри фи хъуэхъухэри. Гъэлъэгъуэныгъэм иужь дитыху куэд къыздэІэпыкъуащ псалъэкІи, Іуэхукіи, чэнджэщкіи. «Си ныбжьэгъухэр къуэш схуэхъуащ, си къуэшхэр ныбжьэгъу схуэхъуащ» - мис мыпхуэдэу къэзгъэлъэгъуэнт си гум фхуилъыр, - жиІащ абы. Щэнхабзэмкіэ министерствэм, Лъэпкъ музейм и лэжьакІуэхэм я гулытэр хэхауэ фІыщІэ ищІащ.

Къумахуэ Мухьэдин гъэлъэгъуэныгъэм къекІуэлІахэм ягу къигъэкІыжащ ар мазэр и кІэм нэблэгъэху зэрекІуэкІынур, нэгъуэщІ выставкэхэри республикэм и музейхэм къызэрыщызэІуахынур.

«Анэ» гъэлъэгъуэныгъэм укъыщыхута нэужь, блыным фІэлъ сурэтхэр щхьэж и бзэкІэ псалъэу къыпщохъу. Шым шэсам, мэл зыгъэхъум, гъуэгу тетым, мэш зыщІэм, пхъэ зыкъутэм, жэм къэзышым, мафІэ зыщІым, цыкІуэкІым я макъхэр зэхэпцІыхукІи хуэдэщ. ЦІыхур дунейм къыщытехьэмрэ и текІыжыгъуэмрэ я зэхуакум дэлъ псори къигъэлъэгъуащ сурэтыщІым. Къуажэ гъащІэм и хъугъуэфІыгъуэхэм дыхегъаплъэ. ЛІыхъужьхэр къызэрыгуэкІхэщ, къуажэдэсхэрщ нэхъыбэу - мэш ящІэ, губгъуэм итщ, тхьэ йолъэІу, нэмыс зэхуащІ, бын ягъасэ... мэпсэу. Адыгэ унагъуэм и жьэгу пащхьэ хуэдэщ мыхэр. Пасэрейуэ яхэтыр гум дохьэ икІи блэкІам ухуагъэззш, тхыдэм урагъэгупсыс. Сэвкіуийм и лІыхъужьхэм нэжэгужагъэ ядэплъагъуркъым. Ахэр хоплъэ, мэгупсысэ, упщІэ куэди лъэужьу къагъанэ. Сурэтхэм уабгынэркъым - къоджэ. Псори йокІуэлІэж анэм и теплъэм, и дунейм. «Анэгу нэхъ тхьэмыщкІэ сыт щыІэ, итІани, аращ абы и насыпыр здэщыІэр» - гупсысакІуэ Бейтыгъуэн Сэфарбий и псалъэхэр уигу къегъэкІ мыбы хэт анэм. Анэм зыхищІэр сурэтыщІым къегъэлъэгъуэф и плъэкІэмкІи, щыгъынымкІи, и Іэм Іэщ1элъ хьэпшып гуэрхэмкІи, къэзыухъуреихьэмкІи.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 20, *щэбэт*

♦Шахматым и дунейпсо махуэщ

♦Тортым и дунейпсо махуэщ

♦1561 гъэм Йдар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ чыристан диныр кърагъэщтащ, Марие цІэри фІащащ.

♦1927 гъэм къалъхуащ къэрал, парт лэжьакІуэ, политик **Къущхьэ Гъумар**.

♦1938 гъэм къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, егъэджакІуэ, философие щІэныгъэхэмкІэ доктор, техникэ щІэныгъэхэмкІэ кандидат **Хъурей Феликс**.

♦1938 гъэм къалъхуащ сабий усакІуэ **АфІэунэ Лиуан**.

♦1938 гъэм къалъхуащ усакІуэ, драматург, АР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Адыгейм и цІыхубэ тхакІуэ **Къуиикъуэ Налбий**.

♦1947 гъэм къалъхуащ экономикэ щІэныгъэхэмкІэ кандидат, Кубанми АР-ми щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и академик, РАЕН-м, Нью-Йорк академиехэм хэт **ТІрахъуэ Энвер**.

♦1964 гъэм къалъхуащ КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ, Урысейм Художествэхэмкіэ и академием хэт **Сэвкіуий Хьэмид**.

♦1973 гъэм къалъхуащ къэрал, политикэ лэжьакІуэ, КъБР-м и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Казбек**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 30, жэщым градус 21-рэ щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 21, *тхьэмахуэ*

♦1829 гъэм Іуащхьэмахуэ и щыгум зэи цІыхулъэ темыуваУэ адыгэлІ Хьэшыр Чылар къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ а къуршым дэкІащ.

♦1994 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал гербыр, Къэрал ныпыр, Къэрал гимныр къащтащ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм пшэр техьэ-текІуу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 30, жэщым градус 19 щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 22, *блыщхьэ*

♦Щхьэ куцІым и дунейпсо махуэщ

♦Боксым и дунейпсо махуэщ

♦1945 гъэм КъАССР-м и щакІуэ хозяйствэр къызэрагъэпэщащ.

♦1914 гъэм къалъхуащ КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **КІыщокъуэ Алим**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 32-рэ, жэщым градус 21-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэзщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Унэ къыбдимысарэ гъусэ къыпхуэмыхъуарэ я хьэл пщІэркъым.

АдыгагъэкIэ псыхьа тхакIуэ

Фэеплъ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, РСФСР-м, КъБР-м я Къэрал саугъэтхэм я лауреат, Горький Максим и цIэкIэ щыIэ Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща КIыщокъуэ Алим Пщымахуэ и къуэр къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу бадзэуэгъуэм и 22-м.

ЗИ IЭДАКЪЭЩIЭКIХЭМ адыгэ, союзпсо литературэхэр ягъэбея КIыщокъуэ Алим усакIуэ, тхакIуэ цIэрыIуэу зэрыщытам къыдэкIуэу, жылагъуэ лэжьакIуэ пэрыту, жэуаплыныгъэ зыпылъ къулыкъухэр иIыгъыу къэгъуэгурыкIуащ, и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэр цIыхубэм фIыуэ ялъэгъуащ. Аращ къэрал дамыгъэ куэд къыщIыхуагъэфэщар, цIыхум я гум фIыкIэ къыщIинар.

КIыщокъуэ Алим къыщIэна тхыгъэхэм щIэупщIэ ин яIэщ икIи ди зэманым поджэж. УсакIуэшхуэр телэжьащ лъэпкъыбзэр, хабзэр, щэнхабзэр хъумэным, лъэпкъ литературэм зегъэужьыным. КIыщокъуэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр дуней псом къаригъэцIыхуащ.

«Хъуэпсэгъуэ нур», «Эмирым и сэшхуэ», «Мазэ ныкъуэ щхъуантIэ» и роман-трилогием, «Лъабжьэ» романым лъэпкъым и Iуэху зэIумыбзхэр, и тхыдэр къыхощыж, и «Нал къута» романым 115-нэ шуудзэм хэтахэм зэрахьа лIыгъэмрэ абыхэм къатехьа леймрэ теуху пэжыр щитхыжащ, и усэхэмрэ и рассказ купщIафIэхэмрэ цIыхухэр зэкъуэтыныгъэм, лъэпкъ зэныбжьэгъуныгъэм, мамырыгъэм къыщыхуреджэ, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм ящыщ тхакIуэхэм я зэпыщIэныгъэхэр щегъэбыдэ.

Абы и «Щынэхужьыкъуэ», «Бгыщхьэ хужьым укъеплъыхмэ», «Кхъужьыфэ», «Нал къута» романхэм тхыдэри, анэдэлъхубзэм и фIыпIэри, адыгагъэм къиубыдри, нэгъуэщI куэди къыхэпхынущ. И усэхэращи, и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэр цIыхубэм зэи IэщIыб ящIыну къыщIэкIынукъым.

Зауэм щыIут лъэхъэнэм, зэрыгурыIуэгъуэщи, КIыщокъуэм итхар усэхэм я закъуэкъым. Ди зауэлI щхьэмыгъаззхэм ди хэкур фашистхэм ирамыгъэубыдын папщIэ къагъэлъагъуэ хахуагъэ иным теухуа рассказу, очеркыу, репортажу Алим и къалэмыпэм къыщIэкIахэр пщIы бжыгъэ куэд мэхъу. Ахэр зэпымыууэ къытехуэрт фронтым къыщыдэкI газетхэм, езы КIыщокъуэр зи редактору щыта «Хэкум папщIэ!» дивизэ газетым. Алим и Iэдакъэщ IэкIхэмкIэ занщIэу гу лъыптэрт ахэр зи акъылыр жан, бзэ шэрыуэ зыIурылъ журналистым зэритхам.

ЛIыгъэ зэрыхэлъам и щыхьэту, дамыгъэ лъапIэхэр и бгъэм хэлъу, майору Хэку зауэшхуэм къикIыжа КIыщокъуэм и лэжьыгъэр зэи зэпигъэуакъым. «Шум и гъуэгу» фIищу 1946 гъэм абы къыдигъэкIа усэ тхылъым нэхъыбэу итыр зауэмрэ абы текIуэныгъэ къыщызыхьа ди зауэлIхэмрэ ятеухуа усэхэрт. ЦIыхухэм занщIэу япхъуатэри цIэрыIуэ хъуат «Сэлэт сэлам», «ЗэныбжьэгъуитI», «Сэлэт шырыкъу», «Жыр пыIэ», «Си фочым IэплIэ ешэкIауэ», «ТекIуэныгъэ», «Сэ сщIэркъым зауэм никIыжу...», «Фэеплъ бэлътоку» усэ телъыджэхэр. Ахэри лIыгъэм, цIыхугъэм, зауэм теухуауэ нэхъ иужьыIуэкIэ КIыщокъуэм итха нэгъуэщI усэ куэди ноби ди адыгэ тхылъеджэхэм зэIэпах. УсакIуэм быдэу и фIэщ хъурт, сыт хуэдэ гъэунэхуныгъэ ухуэзами, уи цIыхугъэр пфIэмыкIуэду ар къызэбнэкIыфын зэрыхуейр, гъащIэр къэзыгъэувыIэфын къару зэрыщымыIар икIи зэрыщымыIэнур.

Зэчий зыбгъэдэлъ тхакIуэр емызэшыжу хуэлэжьащ адыгэ лъэпкъым. Ныбжьэгъугъэм, цIыхугъэм, лIыгъэм, хэкумрэ хабзэмрэ, анэдэлъхубзэм, лэжьыгъэм, адэ-анэм теухуауэ Алим итха тхыгъэхэр зэи мыкIуэдыжынщ. Абыхэм ятеухуауэ КIыщокъуэм и гупсысэ узыншэхэр нобэми щапхъэ зытрахщ. КIыщокъуэ Алим Хэкум, гъащIэм хуиIа лъагъуныгъэр зауэ лъэхъэнэм итха усэхэм наIуэу къыхощ. Дунейр мамырмэ, ар зэрынасыпышхуэр къыгурыIуэ къудейкъым абы, атIэ езыр мафIэ лыгъейм зэрыпхыкIам къигъэщIа образхэр гу имыхуж къыпщещI.

Зэманыр кIуэтэху, КIыщокъуэ Алим зэрыцIыхушхуэр адыгэ лъэпкъым нэхъри къыдгурыIуэурэ кIуэнущ. Абы къытхуигъэна литературэ лэжьыгъэхэр нэхъ лъапIэж хъунущ, сыту жыпIэмэ, гупсысэ куурэ псалъэ псокIэ псыхьащи. ЩIэблэр зыщIэппIыкIын тхыгъэ къыпхуагъэнэныр ар лъэпкъ гъуэгуанэ убзыхущ.

ТхакIуэ пажэр цIыхубэм ягу къинэжыным, и цIэр лъэпкъ тхыдэм къыхэна хъуным и Iуэхукъ республикэм куэд щызэфIагъэкIащ. Налшык, нэгъуэщI жылэхэм я уэрамхэм, Шэджэм аузым хыхьэ къуршыщхьэ лъагэхэм ящыщ зым усакIуэ щэджащэм и цIэр фIащащ, абы и фэеплъыр тетщ и цIэр зезыхьэ уэрамым, тхакIуэр къыщалъхуа Щхьэлыкъуэ къуажэ школым КIыщокъуэм и цIэр зезыхьэ музей къыщызэIуахащ.

УсакIуэ щэджащэм и тхыгъэхэр сыт щыгъуи яджынущ, езыри зэи цIыхубэм щыгъупщэнукъым, адыгагъэ хэлъу дунейм тетащи.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

УсакIуэшхуэм и щIыхькIэ зэпоуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, урысей, къэбэрдей усакIуэ цIэрыIуэ Къэшэж Иннэ къызэралъхурэ илъэс 80 зэрырикъуам теухуа Iуэхугъуэ дахэ куэд щекIуэкIащ ди республикэм.

ИДЖЫБЛАГЪЭ усакIуэшхуэм и усэхэмкIэ зэпеуэ пшыхь иригъэкIуэкIащ Театрым и лэжьакIуэхэм я республикэ зэгухьэныгъэм. Усэ къеджэнкIэ зэпеуащ актёрхэр. Къэпщытакъуэ гупым и унафэщIу щытащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Фырэ Майе. Къэпщытакъуэ гупым хэтащ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэ пажэ, ГъуазджэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ институтым режиссурэмкIэ и кафедрэм и унафэщI Балъкъэр Тамарэ, режиссёр Шэрджэс Мухьэмэд, Балъкъэр къэрал драмэ театрым и унафэщI Жангуразов Мэжид, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Хьэмырзэ Ахьмэд сымэ.

Фырэ Майе тепсэлъыхьащ Къэшэж Иннэ и гъащIэм, абы и усыгъэм укъызэщIиIэтэу хэт къарум.

- Гъуазджэм пэгъунэгъу цIыхум, литературэр зи нэIуасэм гу лъитэнущ Къэшэж Иннэ зэчий къызэрымыкIуэкIэ Тхьэр къыхуэупсауэ зэрыщытам. Абы и художественнэ псалъэр шэрыуэщ икIи хуабэщ, гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым лъэIэсу, - жиIащ Жангуразов Мэжид.

Шэрджэс Мухьэмэд къыхигъэщащ Къэшэж Иннэ и усыгъэ телъыджэр гъэкIуэтэн къалэныр псом хуэмыдэу артистхэм къазэрытехуэр, абы нэхъри гулъытэ хуащIын зэрыхуейр.

Хьэмырзэ Ахьмэд жиIащ Къэшэж Иннэ и усыгъэм зыщигъэгъуэза нэужь, абы лъэужь телъыджэ гуэр и гум къызэрыщигъанэр.

- Гур ягъэкъабзэ хуэдэщ сатырхэм. Аращ, усыгъэ нэхум псэр егъэнщI. Иннэ и сатырхэр псыIэрышэм хуэдэщ - уедэIуэнуи уеджэнуи фIыщ, - къыхигъэщащ абы.

Пшыхьым усэ къыщеджэну гупыж ящIащ зэпеуэм хэмытхэми. Абыхэм ящыщт усакIуэм и щIыхькIэ ягъэувауэ щыта макъамэ-усыгъэ теплъэгъуэм Иннэ и ролыр илъэс куэд хъуауэ щызыгъэзащIэ КIэхумахуэ ФатIимэ. Пшыхьым ягу къыщагъэкIыжащ усакIуэм теухуа а теплъэгъуэр гукъинэж хъуным зи лэжьыгъэшхуэ хэлъ Фырэ Руслан.

Зэпеуэм щытекIуащ Къэбэрдей драмэ театрым и артисткэ Дыщэкl Рауатрэ балъкъэр драмэ театрым и артисткэ Жашуев Мухаммат рэ. ЕтIуанэ увыпIэр хуагъэфэщащ Къэбэрдей драмэ театрым и лэжьакIуэ Жэнэтай Марьям, Балъкъэр драмэ театрым щыщу Гогуев Арафатрэ Джаппуев Маратрэ. Ещанэ увыпIэ къихьащ Урыс драмэ театрым и актрисэ Сторожевая Анастасие. Зэпеуэм зэрыхэтам папщIэ иджыри актёрихым щIыхь тхылъ хуагъэфэщащ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Идар и ехъулIэныгъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ, Темыркъан Юрэ и цIэр зезыхьэ Сабий музыкэ еджапIэ №1-мрэ Налшык дэт гимназие №14-мрэ я гъэсэн, КъБКъУ-м уэрэдымрэ къафэмкIэ и «Амикс» уэрэджыIакIуэ гупым хэт Куэцэ Идар и зэфIэкIхэмрэ ехъулIэныгъэхэмрэ куэд щIауэ дыкIэлъоплъ.

МЫ МАХУЭХЭМ ди хэкуэгъу уэрэджыIакIуэм зыкъыщигъэлъэгъуащ Крутой Игорь и академием и утыкум щекIуэкIа VK Fest зэхьихьэшхуэм. Абы хэтащ Урысейм и щIыналъэ куэдым щыщ артист ныбжьыщIэхэри. Махуитым кIриубыдэу фестивалым цIыху мин 85-рэ екIуэлIащ. Апхуэдэ зэхьихьэхэм я фIыгъэкIэ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я щэнхабзэмрэ зэфIэкI зиIэ щIалэгъуалэмрэ къыдоцIыху, я цIэр жыжьэ мэIу. Къыхэгъэщыпхъэщ, VK Fest зэхьихьэм мы гъэм хэта артист, гуп, блогер 227-р Урысейм Рекордхэмкlэ и тхылъым зэрыратхар.

Куэцэ Идар зэпеуэ куэдым пашэ щыхъуащ, уеблэмэ абы и ныбжьым иту апхуэдизэ Iуэху зэзыгъэхъулIэфар машIэщ. УэрэджыIакIуэр нэхъапэIуэкIэ хэтащ икIи щытекIуащ Николаев Юрий и музыкэ академием къызэригъэпэща «Пщэдджыжь вагъуэ» дунейпсо зэпеуэ зэIухам. УэрэджыIакIуэр щытекIуащ усэ, прозэ къеджэнымкIэ «Зажигаем новые звёзды» V дунейпсо фестиваль-зэпеуэм (Сочэ), Крутой Игорь и академием къызэригъэпэща «Академия талантов» урысейпсо фестивалым (Краснодар), «Твой голос» дунейпсо фестиваль-зэпеуэм (Москва), «Радуга над Нальчиком» дунейпсо зэхьэзэхуэм (Налшык), «Золотой голос России» дунейпсо фестивалым (Москва), «World Art Games» (Испание), «Ди щIэблэр» лъэпкъыбэ зэпеуэм, нэгъуэщI зэхьэзэхуэхэми. Урысейм и цIэкIэ дунейпсо телевизионнэ зэпеуэм Куэцэ Идар щыжиIащ езым итхыжа «Вы со мной» уэрэдыр.

Куэцэ Идар Кремлым и Уардэунэм ирагъэблагъэри, махуэшхуэ концертым уэрэд щыжиIащ. Агутин Леонид и егъэджэныгъэ зэхуэс Сочэ щекIуэкIам, телевизионнэ проектхэм, ятIонэрэ каналымкIэ къата концертхэм хэтащ.

Идар илъэсиплI хъууэ арат нотэм техуэу, макъыфIэу уэрэдыр зэришэщIым и адэшхуэм гу щылъитам. «Амикс» театрым и унафэщI Къул Амир и ныбжьэгъути, иригъэлъэгъуащ. Къулхэ Ланэ, Амир, абыхэм ятIонэрэ Даянэ дэлэжьащ сабийм. Иджыпсту абы и гъэсакIуэхэщ Гараевэ Полинэ, Кононовэ-Навицкая Иринэ, Уманец Михаил, Тэмазэ Лиуан сымэ.

Идар и анэ Мадинэ игу къегъэкIыж: «Голос. Дети» телеэзэпеуэм згъэкIуэну, и тхылъхэр езгъэхьыну къызэлъэIурт. Зэхьэзэхуэ цIэрыIуэм ухэхуэну, сабий мин бжыгъэхэм уефIэкIыну зэрымытыншыр къызгурыIуэрт, ауэ и тхылъхэр езгъэхьащ икIи мыгувэу проектым драгъэблэгъащ. Идар абы щыжиIащ Доницетти Гаэтано и «Любовный напиток» оперэм щыщ Неморино и ариер. Ар Паваротти Лучано и репертуарым щыщщ. Бастэ, Крид Егор, Гагаринэ Полинэ - щыми я гупэр къыхуагъэзащ, икIи Идар Гагаринэр къыхихащ, абы и гупым я уэрэд жыIыкIэр нэхъ зэрыпэгъунэгъур къилъытэри, классикэ уэрэдхэр проектым зэрыщыжиIэм къыхэкIыу. Къэзахстаным щыщ Омирбайулы Сагыняпэ япэ ищами, Идар гуапэ щыхъуат цIыху куэд и телъхьэу зэрыщытар. Идар и мурадыр а зэпеуэм нэхъри игъэбыдащ икIи мурад ищIащ къэмыувыIэу и зэфIэкIым хигъэхъуэну, и цIэр нэхъ жыжьэ щигъэIуну».

Жанр зэмылIэужьыгъуэхэм - академие вокал, эстрадэ, кроссовер, нэгъуэщIхэми - зэфIэкI щоплъыж уэрэджыIакIуэ щIалэр. Зыдэплъей артистхэм ящыщщ Кудайберген Димаш, Фабиан Ларэ, Адель, Пинк сымэ. Налшык и Сабий музыкэ школым и етхуанэ классыр къиухащ, Титовэ Людмилэ и деж фортепианэм зыщыхуегъасэ. ИнджылызыбзэкIэ итх уэрэдхэм макъамэхэр щIилъхьэурэ фортепианэкIэ егъэзащIэ. Уэрэд жыIэным къыщыдэхуэм и деж Идар усэ къеджэным, тхылъ еджэным, ятIэ гъэжьам зыгуэрхэр къыхэщIыкIыным дехьэх. Макъамэр япэ иригъэщми, курыт еджапIэми щыхуэмыхукъым. Абыкlэ щапхъэщ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктору щыта и адэшхуэр.

Макъамэр зи псэм хэлъ уэрэджыIакIуэм иджыри ехъулIэныгъэ инхэр зыIэригъэхьэну, и вагъуэр куэдрэ блэну ди гуапэщ!

БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.

1924 «Адыгэ псалъэ» 2024

Анэдэлъхубзэм ипэ иригъэщ щыIакъым

ФIыкIэ зи цIэ къраIуэ цIыхухэм уащIыдэплъеин, щIэблэм щапхъэу щIахуэбгъэлъэгъуэн Iэджэ ябгъэдэлъщ. Гъащ1эр апхуэдизкIэ щхъуэкIэплъыкIэщи, ар фIэкIыпIэ имыIэу гъэунэхупIэ гуэрхэм йоувэ, хуащI IулыджыркъызэрыхэкIыж щIыкIэм куэдкIэ елъытауэ.

ЗЕИКЪУЭ нэхъыжьыфI куэд дэсащ, я губзыгъагъэр я нэгум нуру кьишу, гупсысэ зэпэлъытам къызэрыхэкIар мыгъуащэу я псалъэм гуащIэ щIэту, къызэранэкIа гъащIэ гъуэгум цIыхугъэм и уасэр захригъэщIауэ езыхэм яхуэдэхэмкIэ гуапэу, гумащIэу, хьэтырыфIэу нэхъыжьыгъэр ирахьэкIыу. Иджыпсту хуэдэу си нэгу къыщIоувэж а нэхъыжьыфIхэм я уэршэр IэфIхэр, гурыщIэ гуэрхэр къызэрыпхуагъэушыр зыдэпщIэжу къыхадзэу щыта адыгэ уэрэдыжьхэр, ущиер зыщIэз я нэ угъурлыхэр... Я Iыхьлы е я къуажэгъу гуэрым фIы и лъэныкъуэкIэ и цIэр къраIуамэ, зэраIэтыну щIыкIэр ямыщIэу гуфIэгъуэшхуэм иубыдырт, «напэ къытхуихьащ» жаIэу. Апхуэдэ дыдэуи къемызэгъ ищIауэ зи хьыбар къэIуами я гур хигъэщIырт, ар зэраузэхужьи Iэмали къалъыхъуэрт.

Адыгагъэм и IэфIыр щIызыхэтщIа, ар лъапIэныгъэу къыдэзыгъэщта нэхъыжьыфIхэм ятеухуауэ куэд схужыIэнут, ауэ ахэр сигу кьыщIэкIыжар мы тхыгъэ мащIэр зытезухуэну цIыху дахэм епха зы Iуэхугъуэщи, ар кIэщIу къызэкIэлъызгъакIуэмэ сфIэигъуэщ. Зеикъуэр жылэшхуэ щхьэкIэ, Iыхьлыгъэрэ благъагъэкIэ зэпымыщIа дэскъым, узытепсэлъыхь хъун хъыбар къыщыIукIэ, зэуэ зэлъащIыс. Ялпэ дунейпсо зауэм ипэкIэ апхуэдэ хъыбарыр напIэзыпIэм яхэIуэу щытащ. Ныбжьыщ1эр адэ-анэм я мызакъуэу, лъэпкъымрэ къуажэмрэ я бину щыщыта лъэхъэнэти, ар гуэргу захуэ зэрытрагъэувэнум хэти и гуащIэ хилъхьэрт. ХьэщIэщ уэршэрхэм гуапэу ирагъэблагъэхэм ящыщт Шыд Хьэцу. ЗыцIыхуу щытахэм ар я нэгу къыщIоувэж адыгэ пыIэ лъагэшхуэр зыщхьэрыгъ тхьэмадэ жьакIэхуу, вындым хуэдэу фIыцIэ цейм зи дыжьын щIыIущхьэхэр кьызытелыдыкI джанэ фIыцIабзэр кьыщIэщу, укъызэрыщ шырыкъуитIымрэ кIэрыщIа пасэрей адыгэ къамэмрэ зэрыриуардэр кьытещу.

«Ахьа, укъихуэпакъэ-тIэ иджы Шэрхъхэ я пхъум екIуу», - жаIэрти, кьыдэгушыIэрт Хьэцу и ныбжьэгъуэр. Пэж дыдэуи, Хьандыгъэ уигъэлъэхъуэну унэгуащэ зэгъэпэщат, хабзэми Iубзэми фIыуэ хэзыщIыкI цIыху Iэпэ1эсэт. Зы егъэлея хэмылъу жыпIэ хъунущ а зэщхьэгъуситIым ябгъэдэлъа фIагъ псори къащIэхъуа щIэблэм деж нэрылъагъу щыхъужауэ. Зы махуи, зы сыхьэти быным я тхьэкIумэм ирагъэкIакъым цIыхуу ущытыным нэхъыщхьэ зэрыщымыIэр, мафIэм исми, цIыхугъэм ебакъуэ зэрымыхъунур.

Хьэцу мыхьэнэ зрит зэхуэс е уэршэр къэхъуамэ, и къуэ нэхъыщIэ дыдэр - Ибрэхьим - здишэрт, цIыхум я зэхэтыкIэм кIэлъигъэплъырт, зы Iуэхум еплъыкIэ зэмылIэужьыгъуэ куэд зэриIэнур иригъэлъагъурт, абыхэм езым и гупсысэр купщафIэ зыщIыну щысэхэр хэхихьу игъасэрт. Тхьэм ещIэ, зыр адрейм иужьым иту щIалэ зыбжанэ зэрыфIэкIуэдарат, нэхъыжьыфIыр Ибрэхьим нэхъ хуэгумащIэт, ар щIиуфэну хэтми, ныбжьэгъуэхэм Iуэхур зыIутыр къагурыIуэрти, емыкIу ящIыртэкъым. Гуращэ хэхахэр иIэу Хьэцу къуэ нэхъыщIэм и зэхэщIыкIым зэрызиIэтыным телъжьащ, щIэныгъэ иригъэгъуэтын щхьэкIэ, и мылъку еблэжакъым, «еджащ» кьыхужаIэу хъун папщIи, абы ухуэзышэ зы гъуэгуи иримыкIуэу кьигъэнакъым. Къуэми, адэм и насыпти, зэхищIыкIащ.

Ибрэхьим сыт щыгъуи тхылъ IэщIэлът. Къуажэдэс дадэхэм ар лъапIэныгъэу кьалъытэрт, «ди къуажэм нэхъ ин дуней щымыIэу допсэу, Бахъсэныжь узэпрысыкIмэ, щекIуэкIыр кьыджезыIэн диIэщ», - жаIэуи иригушхуэрт. Зэгуэрым дунейр хуабэвэхти, псыхъуэм кьыдих жьыбгъэ щабэм и хьэтыркIэ дадэхэр нэпкъым щызэхуэсащ. Къуажэр кьыщIтIысым хэтахэмкIэ дауэ кьыщыхъейм, тхылъ зыIыгъым еупщIыну траубыдащ. Хьэцу къэгумэщIат, жаIэ, абы псалъэ щытехуэркъым, жиIэри, ауэ трагъэчыныхьащ. Ибрэхьим хуит щыхъум, ХьэтIохъущокъуэ ХьэтIэхъущыкъуэ и къэкIуэкIэ хъуам и хъыбарри, и гъусэу щIыпIэщIэм Iэпхъуахэм я цIэхэри кьриIуащ. Арэзы кьищIат нэхъыжьхэр, ауэ и анэшымкIэ и Iыхьлыуэ Щауэ Мэзан-хьэжы жыхуаIэ лIыфIыр кьеупщIащ: «Дауэ уеплърэ, ПIытIу, ситкIэ дыхуей ми иджыпсту къедгъэкIуэкIым?» Ибрэхьим зымащIэкIэ хэгупсысыхьащ. Нэпкъым нэхъ гъунэгъуу екIуалIэщ, мывэкIэщхъ къищтэри, псыежэхымкIэ идзащ. Псым и зэрехьэх макъым хэкIуэдэжащ щIэфие мащIэр. «ЕмыкIу сыкъэвмыщI, ауэ жэуап фэстын ипэ кьихуэу, сынывэупщIынут, зэпрыздзыфауэ пIэрэ мывэкIэщхъыр хьэмэрэ псым хэхуа?» - жиIэри, захуигъэзащ нэхъыжьхэм. «Ар хэт ищIэн, щIалэфI, зэхэпхакъэ, псыежэх дауущым хэкIуэдэжащ макъыр», - жиIащ Мэзан-хьэжы пыгуфIыкIыу, щIалэм жиIэну зыхуейр кьыгурыIуауэ. «МывэкIэщхъыр псым хэхуарэ адрыщI ныджэм техуарэ тщIэркъым, мыхьэнэшхуэ иIэу кьэтлъытакъыми, асыхьэтым тIэщIэхужьнущ. Сыт ищIысри аращ, Iуэху умыщIмэ, кIуэдыжынущ, пIэщIэхужьнущ. Дыкъэзылъхуахэм я цIэхэр тщыгъупщэмэ, дэри зыми дыщыщынукъым, Iуэзи диIэнукъым, дызэрыкIуэн лъагъуэ щыIэми, кьыхэтлъагъукIыфынукъым. Адэжьхэм я цIэхэр умыщIэу, я щIагъэ ущымыгъуаззэу, дауэ уи лъэпкъыщIэр зэрыжьпIэнур, зыгуэрым и щыхьэту уэзрыувынур? Мис аращ дащIыхуейр абыхэм», - жиIащ Ибрэхьим.

Тхьэ яIуэ, Хьэцу лъэтэнутэм, апхуэдизкIэ гуфIэрти, а псор зэхэзыхахэр гушхуэныгъэм кьызэгуитхъынутэм, зэхахар апхуэдизкIэ кьабыл ящыхъуати. Абдеж кьащежьащ зэдауэ кьэхъумэ, кьыхадзэу щыта «Си упщIалъэр Ибрэхьим хуэзгъэзатэмэ, и жэуапылъэм иригъэблагъэнт» псэлъафэр. Куэд дыдэрэ зэхэсха мы жыIэгъуэр нэхъ гуащIафIэ ищIырт Ибрэхьим зауэлIу зэрыщытам, Хэкум и щыжакIуэу и псэр зэритам: «Ибрэхьим и псалъэр мафIэм ипсыхьащ», - жаIэрт. ЩIалэщIэм къуажэдэсхэм я деж пасэ дыдэу пщIэ щигъуэтащ, а къыхуащIа гулъытэ дахэри дунейм тетыху игъэпжащ.

И ныбжьэгъу щIалэ цIыкIухэм лъакъуэпцIэрыхьу кьыщажьхьым, Ибрэхьим еджэныр кьыхихащ. Илъэсих хъуауэ арат щIалэр къуажэ мыдрисэм щыкIуам. Шэфий Мысхьуд-хьэжьыжьымрэ Куп Исмелхьэжьыжьымрэ я деж абы щызригъэщIар КъурIэным и закъуэкъым, атIэ утыку псэлъэкIэмкIи, есэпымкIи, дунейхэгъуаззэмкIи щIэныгъэ щигъуэтащ. И Iустазхэр кьызэреупщI Iуэхугъуэхэм и еплъыкIэр къарихьэлIэу, ахэр уи фIэщ зыщI щыхьэтыгъэхэмкIэ щIигъэбыдэжу утыку псэлъэныр Ибрэхьим фIы дыдэу кьызэрехъулIэу щытар нэхъыжьхэм жаIэж. ФIыцIагъэ ЛъапIэм щыщ Iэятхэр абы къурIэнгъэнахуэхэмрэ хьэдисхэмкIэ зэпкърихьрт, дунейм кьыщекIуэкI Iуэхугъуэхэр есэпыр тегъэщIапIэ ищIурэ кьиIуатэрт, жылагъуэм кьыщыхъухэр лъэпкъ хабзэхэм, шэрихьэтым, кьэрал унафэм зэрызэблигъэкIыр кьиIуэтэну щIэныгъэ бгъэдэлът. ЖыпIэнуращи, щIалэщIэм, и ныбжьым хуумыгъэфэщэну, зэхэщIыкI хъарзынэ иIэт.

ИкIи, Советхэм бжьыпэр къэралым щыщаубыдым, Ибрэхьим и зэфIэкIхэр кьещхьэпащ: абы къуажэм дэт пэщIэдзэ еджапIэм лэжьэн щригъэжьащ. МахуэкIэ цIыкIухэм ядэлажьэрт, пщыхьэщхьэкIэ кьуажэ щIалэгъуаэм тхэкIэрэ еджэкIэрэ яригъащIэрт. Ибрэхьим цIыхухэр зришэлIэну лъэкIынигъэ иIэт, емыджар кIыфIым хэтым зэрещхьыр я фIэщ ищIыну хуэзэфIэкIынут, дунейм кьыщекIуэкI зэхъуэкIыныгъэм уемыджауэ уэзрыхэмызэгъэнур ягуригъаIуэрт. Ибрэхьим и фIыгъэкIэ щIалэгъуалэм я гупэр еджэным хуагъэзат.

Къуажэ къулыкъущIэхэм щIалэм куэд зэрыхуэзэфIэкIынум щIэх гу лъатащ, икIи Зеикъуэ къуажэм Киров Сергей и цIэр зэрихьэу щызэхэт колхозым и комсомол зэгухьэныгъэм и секретару хахащ. Ар Iэнатlэ цIыкIутэкъым. ЩIышхуэ зезыхьэ, Iэщышхуэ зезыхуэ мелуанырыбжэ колхозыр Iэщ1агъэлIхэмрэ лэжьакIуэхэмрэ хуабжьу щыхъэныкъуэ лъэхъэнэт. Зызыужь колхозым и гъусэу щIыпIэм ухуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэри щекIуэкIырти, лъэныкъуэ псори къызэщIэубыдэн хуейт. Къэралым щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэр фIыуэ кьызыгурыIуэ, ар гурэ псэкIэ къззыщтэ цIыхут пашэу гъэувын хуейр. Апхуэдэ дзыхь зрагъэзари Ибрэхьимщ. Куэд дыдэ дэмыкIыуи щIалэм и жэрдэмхэр жылэм яхэIуащ.

Колхозыр зэрызэхыхьэрэ куэд дыдэ мыщIами, абы и парт зэгухьэныгъэм и секретарь Къалмыкъ Барэсбийрэ Шыд Ибрэхьимрэ я цIыхур IэнатIэхэм трауГуашэу хуежьащ. Абыхэм я унафэкIэ цIыху 200-м щIигъу Бахъсэныпсым тращIыхь станцыр зыуху1эхэм хагъэхьащ, цIыхуи 100-м щIигъур къуажэм дащIыхь Агрокъалэ цIыкIум ирагъэувэлIащ. Унафэ зыщIахэм къагурыIуэрт а ухуэныгъэхэм къуажэ псэукIэр фIыуэ къызэриIэтынур икIи къапэщылъ Iуэхухэм я зэфIэхыным иужь ихьащ. ПIалъэ кIэщIым къриубыдэуи хъарзынэу кьрахьэлIащ зыхуежьа лэжьыгъэхэр: къуажэдэс куэдым я унэ уэздыгъэ щIашащ, жылэм икIыхьагъкIэ пхыкI гъуэгу зэтес ящIащ, унагъуэщIэхэр Агрокъалэ цIыкIум дащIыхьа унэ зэтетхэм щIагъэтIысхьащ. Мы псор Ибрэхьим и ехъулIэныгъэхэм ящыщщ.

Ибрэхьим и гуащIэм кьихьыр зыхуэдизыр зылъагъу унафэщIхэм ар ВЛКСМ-м Бахъсэн щIыналъэм щиIэ къудамэм и япэ секретару ягъуэващ. Иджы щIалэм и гуращэ-хъуэпсапIэхэр щалъхуа къуажэм и мызакъуэу, щIыналъэ псом ялъэIэсырт. Ар дэнэкIи нэсырт, лэжьыгъэр зэрызэпыуВэмрэ абы кьыхэкI щыщIэныгъэхэмрэ зэригъэзахуэрт, къуажэдэсхэр зыхуэныкъуэмрэ колхозым хузэфIэкIымрэ зэпилъытурэ щхьэпэ зыхэлъ унафэ пыухыкIахэр ятрищIэрт. Колхозхэтхэм я пщэрылъхэм, гъатхасэмрэ бжьыхьэсэмкIэ къэралыр зыщыгугъым, цIыхухэр псом япэ зыхуэныкъуэхэмкIэ кьызэгъэпэщщым ятеухуауэ Шыдыр зэIущIэхэм кьыщыпсалъэкIэ, и гупсысэхэр кьызэриIуатэ адыгэбзэр яхуэмыухыжьыу зэхэкIыжьырт. Ибрэхьим псалъэ кьудейтэкъым, абы зи гугъу ищIыр щыIэн щIыхуейм я шэсыпIэ нахуэхэр яригъэлъагъурт, колхозым хэтхэм я гуащIэдэкIым кьыпэкIуапхъэр кьызыхэкIыр зэхэщIыкIыгъуэу ягуригъаIуэрт, зы Iэнатlэр кьыщIэхуэмэ, абы зэрыжьылэу я лэжьыгъэр кьызэригъэувыIэр я фIэщ ищIырт. Ауэ бэм я гур Ибрэхьим щIихьэхуам нэгъуэщI щхьэусыгъуэ иIэт: ар узыфIэмыкIыжьин цIыху пэжт, гууз-лыуз зиIэт, цIыхухэм я пIэ зригъэувэфырт, гузэвэгъуэ хэхуам зэрыдэIэпыкъун Iэмал кьэзылъыхъуэрт.

КьыщащI пщэрылъхэр жану зэфIэзыкIалэр куэд дэмыкIыу ягъакIуэ Мэзкуу дэт Парт еджапIэ нэхъыщхьэм. Ар фIы дыдэу кьэзыуха Ибрэхьим щалъхуа щIыналъэм къегъэзэж, ВКП(б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым жылагъуэ-политикэмкIэ и къудамэм и инструктор IэнатIэр кьыхуагъэфащэ. Зэрылажьэм хуэдэу, и жьэнахуагъымрэ зыпэрыт Iуэхум и мыхьэнэмрэ къалъытэри, адыгэбзэкIэ кьыдэкI «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетым Ибрэхьим зы плIанэпэ кьыщрат, жылагъуэ гъащIэмрэ политикэ дунейм кьыщекIуэкI IуэхугъуэхэмкIэ цIыхухэм щадэгуэшэну.

Жыпэ хуейщ а къалэнри Шыдым екIуу зэрырихьэкIар. Адыгэбзэр зыгъэшэрыуэ щIалэр тхыбзэми мыбзаджэу пэлъэщащ. Жылагъуэ-политикэ гъащIэм теухуа Iуэхугъуэ куэд адыгэхэм зэхамыха фIэщыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ къэIуэтэн зэрыхуейм щIалэр щытыкIэ мытынш иригъэуващ. Сыт хуэдиз лъэпощхьэпо кьылъыкъуэкIами, партым зыхуигъэзывыж къалэнхэр цIыхухэм къаззрыгурыIуэн бзэкIэ яхузэпкърихьу, пропагандэ Iуэхухэр мымащIэу кьыхьыхьэу, зы щIыпIэм щекIуэкIа кьэхъугъэр щIыналъэм къызэрылъэIэс щIыкIэр яхузэхигъэкIыу, зэхъуэкIыныгъэхэм я мыхьэнэр яхуиIуатэу, тхыгъэ хъарзынэ куэд Шыдым и къалэмыпэ кьыщIэкIащ. Къыхэгъэщыпхъэщ «Ш.И.» хьэрфитIыр зыщIэт тхыгъэхэм я бзэр зыкъомкIэ жылагъуэмрэ политикэмрэ кьыщекIуэкIыр зэратхыж бзэм лъабжьэ зэрыхуэхъуар. Шыдым и IэнатIэ нэхъыщхьэр кьигъэсэбэпащ «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетым кьытехуэ тхыгъэхэм я бзэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ. Апхуэдэу Шыд Ибрэхьимрэ Къуэныкъуей Мухьэжрэ я жэрдэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым тхыбзэм и зыужькIэ хъунум ехьэлIа Iуэхугъуэхэр щызэпкърах щIэнIуатэ щрагъэкIуэкIащ. ГукъэкIым гуапэу Iущ1ат икIи хуэзфIэкI кьимыгъанэу телэжьат институтым и унафэщIу щыта Нало Жансэхъу. Абы и Iэдакъэщ1экIхэр щыхьэт тохъуэ адыгэ газет закъуэм и бзэр къэIэтыным хуэунэтIа лэжьыгъэшхуэ ди хэгъэгум зэрыщекIуэкIар.

Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым щызэфIигъэкIа лэжьыгъэм къыпащэу къалыхъуэри, Шыд Ибрэхьим Налшык къалэ дэт къэрал тхылъ тедзапIэм унафэщIу 1939 гъэм ягъэкIуащ, абы зэрыщыIа щIагъуэ щымыIэу, ВКП(б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и Тхылъ тедзапIэм и унафэщIу 1941 гъэм накъыгъэм и 15-м ягъэуващ. Шыдым хузэфIэкIащ партым кьигъэув Iуэхугъуэхэмрэ жылагъуэ-политикэ гъащIэр зэпкърызых къэхутэныгъэхэмрэ адыгэбзэкIэ зэзыдзэкI гуп зэригъэпэщыну, лъэпкъ газетым кьытехуэ тхыгъэхэр нэхъыфI хъунымкIэ щIэгъэкъуэн яхуэхъун лэжьыгъэ щхьэпэхэр зэфIигъэкIыну. Куэд хузэфIэкIыну щытами, Хэку зауэшхуэм а гуращэ дахэхэр кьызэпиудащ.

1941 гъэм и дыгъагъаззэм 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэр зэрагъэпэщу хуожьэ. Иджыри кьыздэсым иригъэкIуэкIа парт лэжьыгъэмрэ хэлъ цIыхугъэмрэ къалъытэри, обкомым Шыдыр политрук IэнатIэм хуигъэлъэгъуащ. Гурэ псэкIэ пэрыуващ къалэныщIэм Ибрэхьим. ПIалъэ кIэщIым кьриубыдэу абы игъэхьэзыращ зи политикэ зэхэщIыкIыр лъагэ, зи хэкупсэр кьэмыланджэ зауэлIшууейхэр. 1942 гъэм накъыгъэм и 1-м ирихьэлIэу зэфIэкIащ зауэлIхэр щагъэхьэзыр курсхэр. Налшык къалэ дэт гъущI гъуэгум деж а махуэм щекIуэкIащ цIыху мин бжыгъэ зыхэта пэкIу. Ибрэхьим ирагъэжьэну къекIуэлIат и къуажэгъуэхэри. А махуэм абы тыгъэ къыхуащIат адыгэш къабзэ, щакIуэрэ щхьэрыхъуэнрэ телъу, сэшхуэрэ къамэрэ щIыгъуу. Я гум къыщIитхъырт, ауэ ТекIуэныгъэ къызэрахьынумкIэ аркъудей гурыщхъуэ зимыIэ щIалэм цIыхухэр зэтригъэсабырэфат.

Шыд Ибрэхьим кьикIуа зауэ гъуэгуанэр Хьэтыкъуей Аубэчыр «ЩIыхьыр зи фащхэр» («Славой овеянные») тхылъым кьыщыгъэлъэгъуэжащ. Абы тхыгъэ щхьэхуэ тезухуэну си гугъэщ, ауэ кьыхэзгъэщынут зэгуэр и анэм кьыжриIа псалъэхэм Ибрэхьим зэрытемыкIар: мафIэм исми, цIыхугъэм зэремыбэкъуар. И щIыбыр бийм хуигъэзакъым, псэм ипэ напэр ригъэщащ, ныбжьэгъуэхэр кьызэринэкIыу зэуапIэм икIакъым, дапщэщи лIыгъэ хэлъу зэрыпхъуакIуэхэм япэщIэтащ. Дызэрыщыгъуазэщи, 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм бийм гуащIэу щыпэщIэтар Дон Iус Ростов щIыналъэм хыхьэ Мартыновкэ къуажэм и Iэгъуэблагъэрщ. ЗауэлI куэд щепсыхащ а щIыпIэм. КъыхэкIыжакъым а мафIэсым Ибрэхьими, щалъхуа Хэкум и щхьэхуитныгъэм и псэр щIитащ.

ЕгъэджакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, унэтIакIуэ Iэзэ Шыд Ибрэхьим лъэужьыншэ хъуакъым. Абы щIэблэ дахэ кьыщIэнащ, адэм и хъуэпсапIэхэр гъащIэм хапщэу, мамыр гъащIэм я гуащIэр халъхьэу. Абы и цIэр щалъхуа къуажэм и уэрамхэм ящыщ зым фIащащ, КъБР-м и Правительствэм и гупэм къит утыкушхуэм тет фэеплъ синхэми дыщэпскIэ кьыхаIущIыкIащ, КъБР-м и Фэеплъ тхылъми иратхащ.

ЛIэужьхэр, илъэсхэм хуэдэу, зэблокI. Хэт дунейм кьытохьэ, нэгъуэщIхэри йохьж, ауэ кIуэдыж зимыIэр цIыхум и цIэмрэ Iуэхущ1афэмрэщ. Шыд Ибрэхьим и цIэр Бахъсэныпскlэ идза мывэкIэщхъ кIуэдыжам ещхь хъуакъым, ар ноби ящыгъупщакъым, шэч хэмылъу, дяпэкIи и гугъу ящIынущ. ЦIыхугъэмрэ мамырыгъэмрэ я уасэр зыхуэдизыр цIыху гъащIэкIэ ди фIэщ зыщIар уахътыншэщ.

ТАБЫЩ Мурат,
«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель.

ТВ НЭТЫНХЭР

Блыщхьэ, бадзэуэгъуэм и 22

1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
20.00 Т/с «ИЩЕЙКА» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «ВАША ЧЕСТЬ» (16+)
23.00 «Большая игра» (16+)
00.00, 00.45, 01.30, 02.15, 03.05, 03.50 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00 Вести. Местное время
09.30 Утро России
09.55 О самом главном (12+)
11.00, 14.00, 17.00, 20.00 Вести
11.30 «60 минут» (12+)
13.00 Т/с «ХУДОЖНИК» (16+)
14.35 Вести. Местное время
15.00 Т/с «БАХАР. ПО ИМЕНИ ВЕСНА» (16+)
17.30 «Малахов» (16+)
18.30 «60 минут» (12+)
21.05 Вести. Местное время
21.20 Т/с «МОРЯЧКА» (16+)
01.25 Т/с «БАХАР. ПО ИМЕНИ ВЕСНА» (16+)
03.10 Т/с «ВАСИЛИСА» (16+)

НТВ

04.55 Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 «Сегодня»
08.25 Т/с «ВОЗВРАЩЕНИЕ МУХТАРА» (16+)
10.35 Т/с «ВОЗВРАЩЕНИЕ МУХТАРА» (16+)
11.00 Т/с «ПЕС» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 Т/с «ЗИМОРОДОК» (16+)
16.45 Т/с «МЕНТОВСКИЕ ВОЙНЫ» (16+)
20.00 Т/с «МЕНТОВСКИЕ ВОЙНЫ» (16+)
00.00 Т/с «ПЕНСИЛЬВАНИЯ»
03.30 Т/с «РАСПЛАТА» (16+)

ЗВЕЗДА

06.20, 09.10 Т/с «ЕРМАК» (16+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.40, 13.20 Т/с «ДЕПАРТАМЕНТ» (16+)
14.20, 15.05, 17.15 Т/с «ДЕПАРТАМЕНТ» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
19.00 Новости дня (16+)
19.35 Д/с «Война миров» (16+)
22.50 Т/с «ДУМА О КОВПАКЕ» (16+)
02.30 Х/ф «ВНИМАНИЕ! ВСЕМ ПОСТАМ...» (16+)
03.55 Х/ф «СВАДЬБА С ПРИДАНЫМ» (16+)

РОССИЯ К

06.30 Д/ф «Верея. Возвращение к себе»
07.20 Легенды мирового кино
07.50 Д/с «Предки наших предков»
08.30 Д/с «Забытое ремесло»
08.50 Х/ф «РАСМУС-БРОДЯГА»
10.00, 12.30, 17.00, 19.30 Новости культуры
10.15 «Наблюдатель»
11.35 «Острова»
12.45 Д/ф «Донна Татьяна»
13.30 Х/ф «ЧИСТОЕ НЕБО» (16+)
15.30 Исторические концерты. Мастера исполнительского искусства
16.30 Д/с «Запечатленное время»
17.15 Т/с «СИМФОНИЧЕСКИЙ РОМАН» (16+)
18.40 Д/с «Забытое ремесло»
19.00 «Кто мы?»
19.45 Истории города N с Пьером Бурелем
20.30 «Спокойной ночи, малыши!»
20.45 Спектакль «Беседы при ясной луне»
23.15 Д/с «Запечатленное время»
23.45 Т/с «СИМФОНИЧЕСКИЙ РОМАН» (16+)
01.15 Истории города N с Пьером Бурелем
01.55 Исторические концерты. Мастера исполнительского искусства

МАТЧ!

06.00 «Лучшие из лучших» (12+)
06.30 «Все о главном» (12+)
07.00, 10.00, 12.55, 15.25, 17.50 Новости
07.05 Все на Матч!
10.05 Лица страны (12+)
10.25 Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
11.25 Профессиональный бокс. М. Исмаилов - В. Минеев. ПУЛЬСАП (16+)
12.35 Специальный репортаж (12+)
13.00 «Есть тема!»
14.25, 00.00 Д/с «Выше Олимпа»
15.30 «Громко»
16.50 Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура
17.55 Футбол. «Ротор» (Волгоград) - «Торпедо» (Москва). МЕЛБЕТ. Первая лига. Прямая трансляция
20.00 Все на Матч!
20.30 Профессиональный бокс. Майк Тайсон. Лучшее (16+)
21.30 Бильярд. BetBoom. Кубок чемпионов. Прямая трансляция из Москвы
23.00 Все на Матч!
01.00 Пляжный футбол. «Лекс» (Санкт-Петербург) - «Локомотив» (Москва). OLIMPBET. Чемпионат России. Трансляция из Санкт-Петербурга (0+)
02.15 Пляжный футбол. «Спутник» (Самара) - «Строгино» (Москва). OLIMPBET. Чемпионат России. Трансляция из Санкт-Петербурга (0+)
03.25 Новости (0+)
03.30 Д/ф «Новицки. Идеальный бросок» (16+)
05.30 «Лучшие из лучших» (12+)

Гъубж, бадзэуэгъуэм и 23

1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
20.00 Т/с «ИЩЕЙКА» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «ВАША ЧЕСТЬ» (16+)
23.00 «Большая игра» (16+)
00.00, 00.45, 01.30, 02.15, 03.05, 03.50 ПОДКАСТ.ЛАБ

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00 Вести. Местное время
09.30 Утро России
09.55 О самом главном (12+)
11.00, 14.00, 17.00, 20.00 Вести
11.30 «60 минут» (12+)
13.00 Т/с «ХУДОЖНИК» (16+)
14.35 Вести. Местное время
15.00 Т/с «БАХАР. ПО ИМЕНИ ВЕСНА» (16+)
17.30 «Малахов» (16+)
18.30 «60 минут» (12+)
21.05 Вести. Местное время
21.20 Т/с «МОРЯЧКА» (16+)
01.25 Т/с «БАХАР. ПО ИМЕНИ ВЕСНА» (16+)
03.10 Т/с «ВАСИЛИСА» (16+)

НТВ

04.55 Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 «Сегодня»
08.25 Т/с «ВОЗВРАЩЕНИЕ МУХТАРА» (16+)
10.35 Т/с «ВОЗВРАЩЕНИЕ МУХТАРА» (16+)
11.00 Т/с «ПЕС» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 Т/с «ЗИМОРОДОК» (16+)
16.45 Т/с «МЕНТОВСКИЕ ВОЙНЫ» (16+)
20.00 Т/с «МЕНТОВСКИЕ ВОЙНЫ» (16+)
00.00 Т/с «ПЕНСИЛЬВАНИЯ» (16+)
03.30 Т/с «РАСПЛАТА» (16+)

ЗВЕЗДА

06.10 Х/ф «КАЖДЫЙ ДЕСЯТЫЙ» (16+)
07.40, 09.10 Х/ф «ПРАВДА ЛЕЙТЕНАНТА КЛИМОВА»
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня
09.40, 13.20 Т/с «ДЕПАРТАМЕНТ» (16+)
14.15, 15.05, 17.15 Т/с «ДЕПАРТАМЕНТ» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
19.00 Новости дня (16+)
19.35 «Улика из прошлого» (16+)
22.50 Т/с «ДУМА О КОВПАКЕ»
01.45 Х/ф «ДОМ, В КОТОРОМ Я ЖИВУ» (16+)
03.25 Х/ф «КАЖДЫЙ ДЕСЯТЫЙ» (16+)
04.35 Д/с «Москва фронту» (16+)

РОССИЯ К

06.30 Д/ф «Новые люди села Вятского»
07.20 Театральная летопись
07.50 Д06.30 Истории города N с Пьером Бурелем
07.15 Легенды мирового кино
07.40 Д/с «Предки наших предков»
08.20 «Жизнь и судьба»
08.40 Х/ф «РАСМУС-БРОДЯГА» (16+)
10.00, 12.30, 17.00, 19.30 Новости культуры
10.15 «Наблюдатель»
11.15 Д/с «Археология. История с лопатой»
11.45 «Острова»
12.45 Спектакль «Беседы при ясной луне»
14.55 «Цитаты из жизни»
15.25 Исторические концерты. Мастера исполнительского искусства
16.10 Academia
17.15 Т/с «СИМФОНИЧЕСКИЙ РОМАН» (16+)
19.00 «Кто мы?»
19.45 Истории города N с Пьером Бурелем
20.30 «Спокойной ночи, малыши!»
20.45 Спектакль «Энергичные люди»
23.15 Д/с «Запечатленное время»
23.45 Т/с «СИМФОНИЧЕСКИЙ РОМАН» (16+)
01.15 Истории города N с Пьером Бурелем
01.55 Исторические концерты. Мастера исполнительского искусства
02.40 Д/с «Забытое ремесло»
01.25 Д/ф «Роман в камне»

МАТЧ!

06.00 «Лучшие из лучших» (12+)
06.30 «Наши иностранцы» (12+)
07.00, 10.00, 12.55, 15.25, 18.05 Новости
07.05 Все на Матч!
10.05, 12.35 Специальный репортаж (12+)
10.25 «Игра миллионов» (12+)
11.25 Смешанные единоборства. А. Лемос - В. Яндироба. UFC. Трансляция из США
13.00 «Есть тема!»
14.25, 00.00 Д/с «Выше Олимпа» (12+)
15.30 Плавание. Кубок России. Прямая трансляция из Екатеринбурга
17.35 «Что за спорт?» (12+)
18.10 Все на Матч!
19.00 Д/ф «Коби Брайант. Черная Мамба» (12+)
20.30 Профессиональный бокс. Костя Цзю. Лучшее (16+)
21.30 Бильярд. BetBoom. Кубок чемпионов. Прямая трансляция из Москвы
23.00 Все на Матч!
01.00 Пляжный футбол. «Спартак» (Москва) - «Крылья Советов» (Самара). OLIMPBET. Чемпионат России. Трансляция из Санкт-Петербурга (0+)
02.15 Пляжный футбол. «Саратов» - «Кристалл» (Санкт-Петербург). OLIMPBET. Чемпионат России. Трансляция из Санкт-Петербурга (0+)
03.25 Новости (0+)
03.30 Плавание. Кубок России. Трансляция из Екатеринбурга (0+)
05.30 «Лучшие из лучших» (12+)

Бэрэжьей, бадзэуэгъуэм и 24

1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
20.00 Т/с «ИЩЕЙКА» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «ВАША ЧЕСТЬ» (16+)
23.00 «Большая игра» (16+)
00.00, 00.45, 01.30, 02.15, 03.05, 03.50 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00 Вести. Местное время
09.30 Утро России
09.55 О самом главном (12+)
11.00, 14.00, 17.00, 20.00 Вести
11.30 «60 минут» (12+)
13.00 Т/с «ХУДОЖНИК» (16+)
14.35 Вести. Местное время
9.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
10.05 - «ЦIыхумрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
10.25 - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
11.05 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
11.30 - «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)
12.05 - «Гъуаздж1эм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
12.35 - «Кавказым и симфониеи» (урысыбзэкIэ)
13.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.35 - «Ди гъэтIылъыгъэхэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
14.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
14.20 - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
14.40 - «Усыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
14.50 - Къызэрыфэ пшыналъэхэр (адыгэбзэкIэ)
15.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
15.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
16.05 - «Сэтэней» (адыгэбзэкIэ) (12+)
16.20 - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
17.05 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
17.25 - «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)
18.05 - «Гъуаздж1эм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
18.35 - «Кавказым и симфониеи» (урысыбзэкIэ)
19.05 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.05 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.25 - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
21.05 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.25 - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
22.00 - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
23.30 - 24.00 «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

Махуэку, бадзэуэгъуэм и 25

00.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
00.30 - «Кавказым и симфониеи» (урысыбзэкIэ)
1.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
1.35 - «Ди гъэтIылъыгъэхэр» (адыгэбзэкIэ)
2.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
3.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
3.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
4.00 - «Усыгъэ» (адыгэбзэкIэ)
4.10 - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
4.50 - Къызэрыфэ пшыналъэхэр (адыгэбзэкIэ)
5.00 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
5.30 - «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)
6.00 - 7.00 Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
«Хъыбарыщ1эхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00
«Хъыбарыщ1эхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00
«Хъыбарыщ1эхэр» (урысыбзэкIэ): 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00
7.15 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.45 - «Зэманым пэджэжу» (адыгэбзэкIэ) (16+)
8.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
8.20 - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
9.20 - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
9.30 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
10.05 - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
10.15 - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
10.20 - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
10.45 - «ПщIэну щхьэпэщ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
11.05 - «Тейри къылыч» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
11.30 - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
12.05 - «КъыддекIуэкI хабзэхэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
12.30 - «Макъамэм и толъкъунхэм» (урысыбзэкIэ)
13.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.45 - «Зэманым пэджэжу» (адыгэбзэкIэ) (16+)
14.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
14.30 - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
15.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
15.25 - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
15.35 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
16.05 - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
16.15 - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
16.20 - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
16.45 - «ПщIэну щхьэпэщ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
17.05 - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
17.35 - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
18.05 - «КъыддекIуэкI хабзэхэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
18.30 - «Макъамэм и толъкъунхэм» (урысыбзэкIэ) (12+)
19.05 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.05 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.25 - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
21.05 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
22.00 - «ЦIыхумрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
22.25 - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
23.30 - 24.00 «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)

Мэрем, бадзэуэгъуэм и 26

00.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
1.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
1.30 - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
2.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
3.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
4.00 - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
4.10 - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
4.30 - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
5.00 - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
5.30 - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
6.00 - 7.00 Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
«Хъыбарыщ1эхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00
«Хъыбарыщ1эхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00
«Хъыбарыщ1эхэр» (урысыбзэкIэ): 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00
7.15 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.45 - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.50 - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
8.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
8.20 - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
8.35 - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
9.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
10.05 - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
10.25 - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
10.45 - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
11.05 - «Уауз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
11.20 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
11.45 - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
12.05 - «Гъуаздж1эм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
12.35 - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
12.50 - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
13.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.45 - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.50 - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ)(12+)
14.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
14.30 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
15.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
15.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
16.05 - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
16.45 - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
17.05 - «Уауз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
17.20 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
17.45 - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
18.05 - «Гъуаздж1эм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
18.35 - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
18.50 - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
19.05 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.05 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.25 - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
21.05 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.30 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
22.00 - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
22.35 - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
23.25 - 24.00 «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

Щэбэт, бадзэуэгъуэм и 27

00.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
1.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
1.30 - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
2.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
2.30 - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
3.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
3.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
4.00 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
5.00 - «Уауз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
5.10 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
5.30 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
6.00 - 7.00 Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
7.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.38 - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
8.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
8.25 - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкIэ)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
9.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
9.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
10.00 - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
10.20 - «Уэрэдымрэ абы и тхыдэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
10.50 - «Жаншэрхъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
11.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
11.21 - «Ишлегенни кёлю жарыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
11.30 - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
12.00 - «Дэрэжэгъуэ» (урысыбзэкIэ) (12+)
12.44 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
13.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.38 - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
14.00 - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
14.50 - «Жаншэрхъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
15.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
15.25 - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкIэ)
16.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
16.21 - «Ишлегенни кёлю жарыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
16.30 - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
17.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
17.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
17.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
18.00 - «Дэрэжэгъуэ» (урысыбзэкIэ) (12+)
18.44 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
19.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.20 - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.35 - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
21.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
22.00 - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
22.30 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
23.20 - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
23.30 - 24.00 «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

Тхъэмахуэ, бадзэуэгъуэм и 28

00.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
1.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
1.38 - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
2.00 - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
3.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
3.25 - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкIэ)
4.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
4.30 - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
5.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
5.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
5.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
6.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
6.44 - 7.00 «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
«Хъыбарыщ1эхэр». Тхъэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00
«Хъыбарыщ1эхэр». Тхъэмахуэм кёэхъуахэр: 8.00, 15.00
«Хъыбарыщ1эхэр». Тхъэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00
7.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.40 - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
8.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
8.45 - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
9.35 - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
9.45 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
10.10 - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
10.40 - «Герс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
11.00 - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
12.10 - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
13.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.35 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
14.10 - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
14.40 - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
15.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
15.40 - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
16.00 - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
17.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
17.40 - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
17.50 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
18.00 - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
19.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.25 - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкIэ)
21.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
21.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
22.00 - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
23.30 - 24.00 «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

ТхэныгукIэ гъэбэкхъа борш

● ГушыIэ

1

- Сыт мыр? - Iущыцэ и зыгъэгусэм иджыри IэфI щIэлъщ.
- Заявленэщ, - Хьэрф и фIэщу IукIыжыныгущ. - Сэ... сылейщ.
- Сэрами пщIэркъым лейр. Зыри жимыIэмэ, нэхъыфIщ.
- Синэ-щэ?
- Ар ирелажьэ.
- Уэ сыт, абы естыр пшхыуэ ущIэсыну ара?
- У-Алыхьу жумыIэ!
- Сымы-Алыхьми, сыкъэралщ! Си пIэ уиту къызыщыгъэхъут!
- Алыхьым жимыIэкIэ! Бззэрым утетми нэхъыфIщ, абы нэхърэ.
- Гъуэгу махуэ! Уэ пхуэдэ романтик уIэгъэхэм нэхърэ сигу нэхъ темыхуэ цIыхухъу лIэужьыгъуэ къигъэщIынтэкъым Алыхьталэм.
- Темыхуэмэ, мис, сыIуокI!
- Щыгугъ уэ абы, илъэсым и кумузутIыпщу, егъэджакIуэншэ зысщIыну? Учебный годыр иухмэ, пэжалустэ! «Республикэм лэжьыгъэ дэлъкъым!» - жаIэу, къавэу дэт гупым яхьхьэ, цIыхум ущемызэгъкIэ.
- Хэт сызэмызэгъыр? Стхам ухэмыIэбэ жысIэмэ, сыхьэкIэкхъуэкIэу ара? Сэри...
- Сыт, уэри? КIуэи тхьэусыхэ! Зэспэсу си цIэр кIэщIэстхэмэ, гуфIэ! – Iущыцэ къыщылъэтащ. – Сэра судым уезытын хуейр, хьэмэ уэра? Уи фызым еуи еплъыт журнал зэфIэтхъакIэ? Хьэмэ уи пхъум? КIуэи лажьэ, куэд жумыIэу! Къэралым илъэситхукIэ уригъаджэу илъэс щэщI хъууэ улахуэ къущIитыр уи техьэ-текIым дэдэжрэзын щхьэкIэкъым. Зыкъыстегъахуи, сыхэIэбжынкъым! Сэри си щхьэ пщIэ хузощIыж. «TIум тIу хэплъхьэмэ, тху къыщIокI», - жыпIэу птхымэ, си Iэр зэтедзауэ сыщысын уи гугъэу ара?

ЗэрамыутIыпщынур къызыгурыIуа Хьэрф ищIэнум йогупсыс.

- Еуэ-тIэ, баз дызэпигъэхьэ!
- Дапхуэдэу? - Iущыцэ и мылыр Iэщ IоткIухь.
- Мазэ къакIуэ къыдэдгъэкIыну журналым «TIум тIу хэплъхьэмэ, тху къыщIокI» жиIэу хэзгъэуэвэнщи, хэудыж. Къэбгъуэтрэ - сылэжьэху «Iым» жысIэнкъым. ПIэщIэкIрэ - афIэкIа зэи си тхыгъэм ухэIэбэркъым.
- Еуэ, сыарэзыщ!

Iущыцэ бжэмкIэ щIокIиикI:

- Дали, къакIуи базыр зэпыуд!

2

Сыт Хьэрф хуэдэу географием делэ ихъукI егъэджакIуэр зыщIэбзгынкIи хъунур? Пэжщ! Езым хуэщIэр зыгуэрым иригъэщIэным. Iущыцэ сабиижкъым, щIэныгъэм и ней щыхуащ. Ауэ борш щыхуэгъавэкIэ, еджэкIэ иримыгъэщIэфыну пIэрэ? И цIэр тхыгъэм кIэщIэту илъагъуну щыфIэфIкIэ, и цIэунэцIэр пэжу щыхуэтхыжкIэ (хьа-хьа-хьа), зы псалъэухапсалъэухаитI, е абзац-абзацитI, хуэмурэ тхыгъэ-тхыгъитI еджэуи пхуегъэсэнущ!

Арати, теужыгъуафIэу къыщIэкIа географиемкIэ егъэджакIуэм и бгыр щIикъуэзжри, Iущыцэ тхыгъэ хуигъэхьэзырын щIидзащ, «TIум тIу хэплъхьэмэ» псалъитIымкIэ къыщIидзэу псалъэуха гуп адэ-модэкIэ щыхэгъэпщкIухьауэ. Директор гуащэми, Хьэрф и тхыгъэхэм хэпщIэфIыхьыным и пIэкIэ, ахэр щIиджыкIын щIидзащ.

«Иджырей сабийхэр Iущу къалъху, тIум тIу хэплъхьэмэ, зэрыплIыр егъэщIэжын хуейкъым!» - щитхырт Хьэрф зы тхыгъэм. «Тху къыщIэбгъэкIын папщIэ, тIум щы хэплъхьэмэ, зэфIэкIащ», - апхуэдэ защIэу щапхъэ зыбгъупщI хикIутащ журналым папщIэ зэхилъхьа таурыхъыщIэм. Япэрауэ, щылIкIэ, темыкIуэу хъунукъым. ЕтIуанэрауэ, Синэ, Хьэрф и щхьэгъуэсм, жиIэми зыгуэр хэлъщ. Хьэрф куэд щIауэ гу лъитат фIыкIэ узыщыгугъ адыгэ пщащэхэм фыз щIагъуэ къаазэрыхэмыкIым. АбыкIэ нэхъыбэу игъэкъуаншэр ахэр цIыхубзыпIэм изымыгъэзагъэ ялIхэрт. Iущыцэ илI Жорэ, Алыхьым гуэныхь имыщIкIэ, делэжьщ. Унагъуэр зыгъашхэри зыхуапэри Iущыцэщ, модрейр абы и къулыкъум ириуэркърэ щыхуейм ахъшэ къыIэщIигъэкIыу апхуэдэщ. «Си фызыр къулыкъущIэщ», - жеIэри, и бгъэр ипщхьэжьхэркъым. Хьэрф сыт-тIэ и лажьэр, мо ныкъуэделэм и ефапщIэр Iущыцэ и жыпым хурикуэну?

3

Ауэрэ журналыщIэм и къыдэкIыгъуэри къос. Хьэрф и тхыгъэщIэр гукIэ зригъэщIэным нэсауэ, «TIум тIу хэплъхьэмэ, тху къыщIокI» псалъэухар Iущыцэ еуэ-еуэу къелъыхъуэ, зыми дзыхь хуимыщIу. «Хэтхъым, Iущыцэ, щэи плIэи седжэжащ, къыбдэгушыIауэ аращ», - и фIэщыпэу жиIэрт Гений. «Iулъхьэ къыуитамэ, сщIэрэ?» - жиIэурэ, Iущыци ерыщу журналыр щIиджыкIырт. «Езым имытхыгъэм хигъэпщкIуэнкIи хъуну?» - Далии щIыхьэхум хэтщ. «Хьэуэ! Хьэрф пцIы иупсын и хьэлкъым. Щыжиакlэ, езым еитIым язым хэтынущ. ТхыгъитI укъеджэну гугъу?» - жиIэрт журналым елэжь егъэджакIуэхэм я етхуанэ Зухра.

Щэхур здэщыIэрати, тхыгъэ кIыхьхэм нэмыщI, Хьэрф псалъэзэблэдзи яхузэхилъхьэрт сабийхэм. Тыншу къахуэщIэну упщIэхэр иту, математикэ, физикэ, химие хъуми, зэджэ псом щыщи тIэкIу-тIэкIу, егъэджакIуэхэм ечэнджэщурэ хигъэувэрт. Арати, псалъэзэблэдзым хэт упщIэхэм я зым «TIум тIу хэплъхьэмэ» упщIэм и жэуапу, «тху» иригъэуващ. Абы нэмыщIи, «джэдуитIым дзыгъуэ тIурытI къаубыдащ, зэгъусэу къаубыдар дапщэ» упщIэри хигъэзэгъащ. Дзыгъуэхэмрэ джэдухэмрэ нэм къыщIиIумэ, адрейр IэщIэкIынкIи мэхъу.

Аращи, журналыр къыдокI. Iущыцэ егъэджакIуэ гупыр зэхуишэсауэ къахопсэлъыхьри, и IупитIыр зэтехьэжыркъым. Хьэрфи гукъыдэжьншэкъым. ЛъэныкъуитIми текIуауэ закъыщохъуж.

- Уи гугъакъэ сIэщIэкIыну? – мэгуфIэ Iущыцэ. – Щапхъэ пщыкIутху хипхъауэ хэтт адэмодэкIэ.

- Дэнэ деж-тIэ къыщыбгъуэтар? – щIоупщIэ Хьэрф, икIуэтын хьэзыру. Сыт икIэри ипэри ущIэныкъуэкъуэну мы зэдауэм хэлъыр? Зыкъиумысынкъым. ГушыIауэ жиIэнщ. Зэрыщытам ещхьыжкъым Iущыцэ.

- Псалъэзэблэдзым хэбгъэува упщIэм!

- Сэ пIэщIэкIа си гугъэу, зызгъэлIу аратэм!

- Дэри къыджефIэ! – зэрогъэкIий егъэджакIуэхэр.

- «Джэдуитым дзыгъуэ тIурытI къаубыдащ. Зэгъусэу дзыгъуэ дапщэ абыхэм яIэр?» Жэуапыр зэрытхэн хуей клеткэхэр щы мэхъу. Аращи, «тху»! «ПлIыуэ» щытамэ, хьэрфиплI ухуейт. Сэ сыкъэбгъапщIэри зыгуэрт, сабийхэм щхьэ уащымысхьарэ? – Iущыцэ ирихьэжьэпат.

- Ущоуэ, Iущыцэ! «Тхур» зэрыхъур хьэрфитIщ! Мыбдежым хьэрфищ итын хуейщ! - къыдоплъей директорыр тригъэкIуэну щIэхъуэпс Дали. – «ПлIы» - мис ар зэрыхъур хьэрфищщ.

- Пэжуи? – Iущыцэ къэуIэбжьащ. - Сыт щхьэкIэ, Т, Х, У - хьэрфищ мэхъу.

- Мэхъу, ауэ адыгэ псалъэзэблэдзым хьэрф зэгуэтхэр зэгуамыхыу, зы клеткэщ зратхэр. Аращи, хьэрфищ хъун хуейщ: п, лI, ы!

Iущыцэ и пэ дахэ цIыкIур къыпылэлащ.

- Сыт тщIэн-тIэ? - уафэм нэрылъагъуу зыкъызэщIеуфIыцIэ.

- СыщIегъуэжри, хэзгъэхьакъым! – щабэу жеIэ Хьэрфи, Iущыцэ зригъэцIыхужыну хуэмеижрэ зыкъимыумысыну мурад ищIауэ. И бампIэр здэкIуар имыщIэжу, зыхуейм зэрытеIэбам тригъэужат куэд зылъэгъуа егъэджакIуэр, цIыхубзым зыкъримыгъащIэу зэрыхуэмышэчар фIэмыкIу хъужауэ.

- Уэху! – Iущыцэ зэрызищIынур ищIэркъым. – ДыбукIащ! Мазэ псокIэ уи тхыгъэхэм фIэкIа Iуэху сиIакъым.

- Мис, сэ къэзгъуэтащ! – кIыхокIиикI асыхьэтым Гений. – Къехыу ебланэ упщIэм феплъыт! Узэрыуплъэу уолъагъу! «TIум тIу хэплъхьэмэ, къущIэкIыр...» - жеIэри упщIэ итщ.

Iущыцэ Iэрпхъуэру журналыр къищтэри, еплъащ. Абдежым къыгурыIуащ Хьэрф псалъэзэблэдзым зыгъэбэлэрыгъыну зы щапхъэрэ имыгъэпщкIухауэ нэгъуэщIрэ зэрыхигъэхьар. Iущыцэ къызэрызэIууар зылъэгъуа егъэджакIуэхэр уафэгъуагъуэм пэплъэу зэхэст, Хьэрф хузэгуэпу. АрщхьэкIэ Гений аргуэру зыгуэр къыхимыIуу хъуакъым:

- Ноль-ноль! Зыри текIуакъым!

- Ар дауэ? – жаIэ егъэджакIуэхэм зыжьэу.

- Фэ баз фызэрызэпихьар «TIум тIу хэплъхьэмэ, тху къыщIокI» псалъэухаракъэ? – иришэжьащ Гений, зигъэ-Къэзанокъуэ Жэбагъыуэ. - НтIэ, мыбы упщIэр итщ, жэуапыр къыщытеддзэнур адрей маззэращ. Аращи...

- Хьэрф, зыт! – и гур къихьэжащ и IужэжапIэр игъэпэжыну Iэмал къызыIэрыхьэжа Дали.

- Сэ зыми седауэркъым, - и дамэхэр дрешей Хьэрф. – Ди нэгу зиужьынщ жытIэри, баз тIэкIу дызэпихьати...

- Хьэуэ, Хьэрф, укъыстекIуащ! – жеIэ абдежым Iущыцэ. – ДызэгурыIуащ! АфIэкIа зэи сыхэIэбэнукъым уи таурыхъи, уи тхыгъи, уи псалъэзэблэдзи. Ауэ си цIэр щIэстхэнущ, къызжиIакъым жумыIэж!

- Уи хьэлэщ, дахэ! – и пащIэкIэм щIодыхьэшхыкI Хьэрф. - Сэри борш згъэвэнурэ, уэ къытхуэпхьауэ згъэIунущ!

- Ауэ уеплъыжарэт! – и фIэщыпэу къилъащ школ унафэщIыр. – Уэ зэхэбупцIахэр сэ къыспатхэу...

ЕгъэджакIуэ гупым афIэкIа захуэIыгъыжакъым. Псори къыщиудри, цIыхубзхэр – Iущыцэ, цIыхухъухэр – Хьэрф и хъуреягъкIэ кIуатэурэ, дыхьэшхын щIадзащ. Зубер къыщыщIыхьам, иджыри дыхьэшхын яухатэкъым.

4

Хабзэхъумэр махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу ялъагъурт егъэджакIуэхэми, псори Зубер къыщыгуфIыкIащ. Езым «фызгъэгувэнукъым» жиIэурэ утыкум ихьэри, «Iущыцэ» журналыр къыхэгуихащ. Борэн Iущыцэ и цIэр зэракIэщIэтыр имылъагъу зищIри, тхыгъэм и цIэм къеджэм, ар зи Iэдакъэщ IэкIым щIэупщIэурэ, Зубер журналым и кIэм нэс ирикIуащ.

- «Иугъащ Iэ гъэмахуэм» тхыгъэр зейр хэт?

- Сэращ! – Гений и Iэр еIэт.

- «Бжыгъэхэм епха хъыбархэр»?

- Сэ! – Синэ къотэджри мэтIысыж.

Iущыцэ зыри жимыIэу щыст, Зубер зыщIэупщIэ тхыгъэхэм ядигъуаIауэ хуигъэфащэу. Зубери зыхуейр арат.

- Мы тхыгъэхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIахэр участкэм фынекIуалIэ, зыгуэрхэм дыщIэупщIэнущи.

- Сэри сынэкIуэн хуей? – Iущыцэ гуфIэкIэ щыгъупщэжащ.

- Зи тхыгъэ итхэращ сызыхуейр. Уэ уи цIэр псори ящхьэщыпхын папщIэ зэрыкIэщIэптхар къызжаIащ. Ауэ...

- Ардыдэращ зэрыщытри! Сэ стха зыри иткъым а журналым!

ЕкIуэкIыр видеокIэ езыгъэтх Зубер абдежым и куэзыр щIэхуахэр къызыкъуех:

- ПечатымкIэ министерствэм къабыл ищIащ иджыри къэс фи ахъшэкIэ къыдэвгъэкIа «Iущыцэ» журналыр! ДяпэкIэ текIуэдэну мылъкур бюджетым къыфхухагъэкIынущ. Мы иужьрейм зи тхыгъэ къытехуахэм ахъшэ къратыжынущи, зытхар зэхэзгъэкIыну унафэ къыскъащIауэ арат.

Псори щым хъуащ. Мы щытыкIэм къызэрелын Iэмалу егъэджакIуэхэм къахуэнэр тIу къудейт. Е зыгуэр къэтэджу, «дыгушыIащ, псори зытхар Iущыцэщ» жиIэн. Е ахъшэр къыIахыу, иужькIэ Iущыцэ иратыжын. Ар фIыуэ къызыгурыIуэ Зубер щIалэ губзыгъэти, напэмрэ ахъшэмрэ я зэхуакум диубыдауэ арат егъэджакIуэ гупыр. Журналым бгъэдыхьэпIэ къызэрыхуамыгъэнэжынур къызыгурыIуа Iущыцэ ищIэнури ищIэртэкъым. Ягъэкъуаншэу хабзэм ирашэлIамэ, пцIы гуэрхэр иупсынкIи хъунт. Ауэ Зубер напэтехыр щытхъум кIуэцIишыхьри, пэжым и архъуанэм ириубыдат зэрыколлективу. ИтIани, дакъикъипщI ипэкIэ зэгъусэу дыхьэшха егъэджакIуэхэр апхуэдэ дыдэу гущIэгъуншэтэкъым, я директорым и напэ текIмэ, езыхэр ехъулIауэ къафIэщIын хуэдэу. Арати, коллективым нэхъыжь дыдэу яхэт Хьэрф и Iэр къиIэтащ:

- Сэ псалъитI жысIэнщ, хъунумэ? Журналыр дэ гупым тфIэфIу къыдэдгъэкIыу аращ. Ар печатымкIэ министерствэм дяпэкIэ къыдигъэкIынумэ, дыхамыгъэIэбэжыххэнри хэлъщ. Ауэ зигу къэкIари, къызыфIэIуэхуари, пхызыгъэкIари Iущыцэщи, ар журналым и редактору къэвгъанэмэ, ди гуапэ хъунут. Ар уи унафэщIхэм тхулъэгъэIэсыж.

Iущыцэ и нэпсхэм къызэпижыхьакъым. ИкIи къэгубжьакъым. КоллективыфI игъэсэфат. Борш гъэвэнкIи къытекIуэн щыIэтэкъым.

Iуэху зэхэзэрыхьар Iэуэлъауэншэу зэхахыжащ, егъэджакIуэхэм я пщIи я улахуи кIэрымыхуу. Iущыцэ мазитI-щыкIэ ягъэлажьэри... печатымкIэ министерствэм драшеящ, сабийхэм папщIэ къыдагъэкI газетхэмрэ журналхэмрэ я унафэр IэщIэлъу.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Къэзаншхэ я унагъуэ зэкъуэт

Налшык щыхэплъэжащ «Унагъуэ зэкъуэтыр гъащIэм ехъулIэ унагъуэщ» къалэ зэпеуэм кърикIуахэм. Абы и унэтIыныгъэхэм я зым и лауреат хъуащ Къэзаншхэ я унагъуэр.

КЪЭЗАНШ Жанетэ КъБР-м щыIэ УФСИН-м и уголовнэ-гъэзэщIакIуэ инспекцэм и канцелярием и унафэщIу мэлажьэ илъэсым щIигъуауэ. Аращ Унагъуэм и илъэсым тещIыхьауэ ирагъэкIуэкI зэхьэзэхуэм хэтыну и адэ-анэр тезыгъэгушхуар. Зэпеуэм и къызэгъэпэщакIуэщ Налшык къалэм щыIэ ЦIыхубзхэм я советыр.

Къэзаншхэ Хьэсэнрэ Нинэрэ бынипIи яIэщ. Унагъуэм и тхьэмадэм мыIэрысей хадэ зэрехьэ, анэр адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэщ. Я пхъум и жэрдэмыр абыхэм даIыгъащ икIи хущIегъуэжакъым. Ахэр хэтащ «Жылагъуэм хуэлэжьэн» Iыхьэм.

Зэпеуэм хэтхэм утыку кърахьащ унагъуэ хабзэхэр, творческэ номерхэр ягъэлъэгъуащ, тепсэлъыхьащ дэзыхьэххэм, илъэс куэдкIэ лъагъуныгъэмрэ зызэхэщIыкIынымрэ хъумэныр къазэрехъулIэм.

«Унагъуэ зэкъуэтыр гъащIэм ехъулIэ унагъуэщ» зэхьэзэхуэм щынэхъыфIу къалъытахэр къыщыхахащ Балъкъэр театрым. Гулъытэ игъуэтащ Къэзаншхэ я унагъуэми. Абы къратащ дипломрэ кубокрэ.

УАРДЭ Жантинэ.

Псынэдахэр зэрылъэщщ

Футбол

КъБР-м футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм мыгъэрей гъэмахуэ чемпионатым пашэныгъэр къыщыхьыным щIэбэн командэхэм я епщыкIущанэ джэгугъуэхэр зэхэтащ. Абыхэм къарикIуа бжыгъэхэм уахэплъэмэ, лейуэ бгъэщIэгъуэн хэплъэгъуэнукъым.

ЯПЭ увыпIэм, зыми хухэмыгъащIэу, куэд щIауэ щыт Псынэдахэ къуажэм и «Родник»-р «Псыгуэнсум» и деж щыджэгуати, хэгъэрейхэм щхьэкъэIэтыпIэ иратакъым - хабзэ зэрыхуэхъуауэ, бжыгъэшхуэкIэ - 6:0-у - ятекIуащ. Бжыпэр зыIыгъым кIэлъыкIуэ «Тэрчми», гугъу дехьами, Бабугент и «Лого-ВАЗ»-р хигъэщIащ 3:2-уэ. Нэхъ гъэщIэгъуэн тщыхъуар ещанэ увыпIэм щыт, ипэкIэ псынэдахэдэсхэм ядэбакъуэу, лъэрызехьэу, джэгукIэ дахэ къигъэлъагъуэу щыта Алътуд и «Искра»-м ику иту джэгу «Малкэм» и деж очкоитI зэрыщыфIэкIуэдарщ. Ахэр зэрытегъэкIуакъым, бжыгъэр 0:0-у, гъуитIми топ дэмыкIауэ, мамыру зэбгъэдэкIыжащ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, чемпионатым къыпэщылъ гъуэгуанэм и зэхуэдитI зэрыхигъэщIар, «Тэрчымрэ» «Искра»-мрэ зэрыджэгуар зыкIэ зэрынэхъ мащIэр. Ар къэплъытэмэ, пасэщ тегъэчыныхьауэ зыгуэрым ущытхъунри бубынри. ЗэкIэ дыкъызытеувыIэр нобэкIэ къагъэлъэгъуа зэфIэкIырщ.

ПщIэ лей яхуэфащэщ, мы гъэмахуэ икъукIэ хуабэм, абы еплъ дэщIакIуэхэми мы спорт лIэужьыгъуэм епхауэ зи лэжьыгъэр дагъуэншэу зыгъэзащIэхэми. ЖыпIэ хъунущ псори гъэунэхупIэ ихуауэ. Нэрылъагъущ футболым пщIэ ин зэриIэри, цIыху куэд дыдэ зэрыдихьэхри. Европэм и чемпионат екIуэкIари абы щыхьэт тохъуэ. ФIыуэ ялъагъу командэм дэщIын папщIэ гъуэгуанэм и кIыхьагъри, зэи хуэмыдэжу, мыгъэрей гъэмахуэм и хуабагъри цIыху минищэхэм лъэпощхьэпо яхуэхъуакъым. Нэхъ дахэжу абы хэтлъагъуэращи, Европэ псом бжыгъэр щызыубыдар Испанием, ныбжькIэ нэхъ щIалэ дыдэхэм ящыщ и командэрщ. Абы къегъэлъагъуэ ехъулIэныгъэр спортсменыр къыщалъхуа илъэсым зэремылъытар.

Ди республикэм и чемпионатым къэдгъэзэжынщи, футболым дихьэх куэдым жаIэ ар гъэщIэгъуэну екIуэкIыу, ди командэ пашэ «Спартак»-м и джэгукIэм нэхърэ мынэхъыкIэу. Я гур щIэузу топсэлъыхь нэщI хъуа республикэ стадион нэхъыщхьэм щекIуэкI футбол зэIущIэхэм. ЗэрыгурыIуэгъуэщI, абы нэхъыбэу тепсэлъыхьыр СССР къэралыгъуэм щыгъуэ ди командэ пашэм и зэфIэкIхэр зи нэгу щIэкIахэмрэ дызэрыгушхуэ футболистхэр зыцIыхуу щытахэмрэщ. Ауэ сыт тщIэн, зэманым зехъуэж?! КIуэ пэтми спортыр зыхуэныкъуэ гулъытэмрэ мылъкумрэ хохъуэ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм футболымкIэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм и зи чэзу зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм: **«Спартак-Д»** (Налшык) - **«Шэрджэс»** (Шэджэм) - **6:1**, **«Лашынкъей»** (Лашынкъей) - **«Акъбащ»** (Акъбащ Ищхъэрэ) - **3:2**, **«Тэрч»** (Тэрч) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **3:2**, **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) - **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **2:4**, **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **«Родник»** (Псынэдахэ) - **0:6**, **«Малкэ»** (Малкэ) - **«Искра»** (Алътуд) - **0:0**, **«Шэрэдж»** (Шэрэдж) - **«Урожайнэ»** (Терекскэ) - **4:1**.

КъыкIэлъыкIуэну зэIущIэхэр дызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтынущ.

ШАФИЙ Аслъэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Родник»	**13**	**12**	**1**	**0**	**78-11**	**37**
2. «Тэрч»	**12**	**10**	**0**	**2**	**44-14**	**30**
3. «Искра»	**12**	**9**	**2**	**1**	**48-6**	**29**
4. «Ислъэмей»	13	9	2	1	36-24	27
5. «Шагъдий»	13	8	0	5	45-42	24
6. «Малкэ»	13	7	2	4	41-31	23
7. «ЛогоВАЗ»	13	7	0	6	42-36	21
8. «Спартак-Д»	11	4	1	6	33-32	13
9. «Лашынкъей»	13	3	1	9	26-48	10
10. «Акъбащ»	13	3	1	9	26-48	10
11. «Псыгуэнсу»	13	2	4	7	20-51	10
12. «Шэрджэс»	13	2	2	9	23-42	8
13. «Шэрэдж»	13	2	2	9	16-56	8
14. «Урожайнэ»	**13**	**2**	**2**	**9**	**13-44**	**8**

ПIалъэр къос

ЦIыху куэдым аллергие узыр къезыт губгъуэжыхапхъэм (амброзием) гъэгъэну зегъэхьэзыр. ГъэкIэ а пIалъэр шыщхьэуIум и пэщIэдзэм хуэзэу щытамэ, иужьрей илъэс зыбжанэм ар махуэ тIощIырыпщIкIэ ипэ ищащ, ар къызыхэкIри пасэу къихьа гъатхэмрэ уэлбанэрилэу екIуэкIа мэкъуауэгъуэ мазэмрэщ.

ТХЬЭМПЭ хъар дахэ зиIэ а къэкIыгъэм дэни фыщрихьэлIэнущ: псыхъуэхэм, мэз лъапэхэм, губгъуэхэм. Къалэ кIуэцIыр къатщтэмэ, коммунальнэ хозяйствэхэм я лэжьакIуэхэр пщэдджыжь нэмэзым щыщIэдзауэ емытIысэхыу удзыр къах, арщхьэкIэ уэшх зэригъуэту губгъуэжьхапхъэр къощIэрэщIэжри, нэхъри зеубгъу, Iэхэлъахэр зэщIещтэ. Гу лъыфтэххамэ, ахэр къыщыкI щIыпIэхэм гуп щызэрыгъэхъуамэ, абдежым нэгъуэщI удзхэм зыщаужьыркъым, езыхэр хуиту къыщыкI мыхъумэ.

Гъэ кIуам ахэр Налшык щыкуэдащ: къалэр щагъэдахэм жыг лъабжьэхэм, лъэс зекIуапIэхэм, удз щхъуантIэ къыщыкI щIыпIэхэм щIыщIэ иракIутат. Абыхэм бэгъауэ зыкъыщаIэтат губгъуэжьыхапхъэхэми. А илъэсыр дэкIри, коммунальщикхэм ахэр ягъэкъэбзащ.

Головкомрэ Хъуранымрэ я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм я зэхэкIыпIэхэмрэ Балъкъэр, Къэрэшейм и цIэр зезыхьэ уэрамхэм яхъуреягъкIэ къызэщIаубыдэ щIыпIэхэмрэщ ахэр мы гъэм псом хуэмыдэу щыбэгъуар. Удз щхъуантIэ гъэтIысыпIэщIэхэм амброзие фIэкIа зэрымыт яхэтщ. А щIыпIэхэм хуэзэу щытщ уней сату щIапIэу, аптекэу щытахэу иужькIэ зэхуащIыжахэр. Абыхэм я бжэIупэхэр зэман кIыхькIэ зэщIэкIэжауэ къонэ, а удз зэранри щымымащIэу.

Къалэкум уфIэкIмэ, ахэр щынэхъыбэжщ Идарымрэ Суворовымрэ я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм я зэхэкIыпIэхэм, уэрамдыхьэхэм я пэщIэдзэхэмрэ я кIэуххэмрэ хуэзэ щIыпIэ зэгъуэкIхэм, илъэс куэд хъуауэ яухуэ унэ ныкъуэщIхэм я бжэIупэхэм. Абыхэм къыпидзащ къэгъэгъэну зызыгъэхьэзыр я щхьэхэр. ГугъапIэу къанэр коммунальнэ хозяйствэхэм я лэжьакIуэхэрщ. Хэт ищIэрэ, и зэран хъугъуэ пIалъэм нэмысу ахэр яхуэгъэкъэбзэнри хэлъщ.

Фэтэр куэду зэхэт унэхэм я пщIантIэхэм щытыкIэр щынэхъыфIщ, ахэр зэщIэзыкъуэхэми абыхэм щыпсэухэми зэрахуэфIэкIкIэ удзыр кърачри. Къуажэхэм Iуэхур нэхъ щыгугъущ. ЦIыхухэм къахузэщIэкъуэнукъым ныджи, губгъуи, мэз лъапи зэщIыгъуу. Абы къыхэкIыу аллергиер зиIэхэр гугъу нэхъ щохь. Илъэс куэд ипэкIэ а къэкIыгъэм Iуащхьэмахуэ лъапэ ущрихьэлIэу щытакъым икIи ар зэмызэгъхэр а щIыпIэм щыIэт амброзием и кIуэдыжьыгъуэр къэсыху. Нобэ щытыкIэм зихъуэжащ - удзыжьыр нэсащ а къурш щIыналъэхэми. ЩIэныгъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, псори къызыхэкIыжыр щIыуэпсым зэрауфIеймрэ дунейм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэмрэ я зэранкIэ цIыхум я иммунитетыр лъахъшэ зэрыхъурщ, хущхъуэгъуэхэм фIэкIа сэбэп къахуэмыхъужу. ИтIанэ, ахэр псынщIэрыщIэу пыбгъэщхъыу уежьэж хъуркъым, зым и щхьэм щхьих-щхьибл къыдожри. ЩытыкIэр абы нэхъ гугъуж ещI. Нобэ къагъэсэбэп Iэмалхэм я нэхъыфIыр лъабжьэр щIыгъуу кьичынымрэ препарат щхьэхуэхэмкIэ гъэгъупэнымрэщ. Апхуэдэу, илъэс куэдкIэ дызэIэбэкIыжмэ, школым къаутIыпща цIыкIухэм губгъуэжьыхапхъэ къыхэжагъащIэхэр лъабжьэр щIыгъуу кърачырт. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр лъэлъэжа иужь, къалэдэсхэм я Iэгъуэблагъэхэр зэщIагъэкъабзэу хуежьащ, ноби апхуэдэхэр куэдщ. Аращ удз гъэгъа гъэкIыпIэхэм, фэтэр куэду зэхэт унэ бжэIупэхэм ахэр щIыщымащIэр. Къапщтэмэ, иджыпсту гъэр здынэсам къалащхьэм ахэр щыплъагъужьыркъым, къалэм и теплъэр егъэфIэкIуэным теухуауэ дэнэкIи щрагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм я фIыгъэкIэ. Алыджхэм я бзэмкIэ а удзым «тхьэхэм я ерыскъыгъуэкIэ» щIеджэм, зэман дэкIыу, щIэныгъэлIхэр зыщымыгъуазэ щэху гуэр къыхагъуэтэнуми хэт ищIэн, ауэ иджыпстукIэ ар зэран зыхуэхъухэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ, уазэрыпэщIэтынури нэхъ пасэ лъандэрэ щыIэ Iэмалырщ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Псэущхьэхэр

Жумэрэн

Жумэрэнхэр щыкуэдщ губгъуэхэм. Ахэр щобагъуэ унагъуэ хадэхэм, кІэртІоф хьэсэхэм. Мы псэущхьэр зы махуэкІэкъым зэрыпсэур, ар щІымахуэми хуогъэтІылъэ.

Жумэрэным и кІыхьагъыр сантиметр 24 - 34-м, и хьэлъагъыр грамм 420-м нос, и фэр къуэлэнщ - гъуэжьрэ хужьрэ зэхэлъщ, и ныбэ лъабжьэр фІыцІэщ.

Егъэлеяуэ псэущхьэ зэранщІакІуэхэщ. Абыхэм къэкІыгъэхэр, гъавэр, жыг хадэр хьэлэч зэтращІэ. Къищынэмыщ1ауэ, уз зэрыцІалэхэр зезыхьэхэми ящыщщ.

● Шхыныгъуэ

Адыгэ лы гъэжьэкІэ

ЛыпцІэр зэпаупщІ г 35 - 40 хъууэ. Адыгэ бжьын плъыжь цІыкІур яукъэбз, лыри бжьынри псы щІыІэкІэ ятхьэщІри, дзэху тепщэчым иралъхьэ, шыгъу, шыбжий сыр хаудэри, фІыуэ зэІащІэж. И щхьэр тепІауэ щІыІапІэм деж щагъэт дакъикъэ 15 - 20-кІэ. ИтІанэ лы тыкъыр цІыкІухэри бжьынри хъыдан гъущэкІэ ялъэщІ.

Щагъэжьэнум деж ялъэщІыкІэ дзасэм лы тыкъыр фІалъхьэ, итІанэ бжьын псо, апхуэдэурэ дзасэм фІзз ящІ, и кІэ дыдэм фІэлъын хуейр лы тыкъырщ. Пхъэ мафІэ дэпкІэ, дзасэр ягъэкІэрахъуэурэ, ягъажьэ, лыр хьэзыр, тхъуэплъ дахэ хъухукІэ. Дзасэм къыфІалъэфри, пщтыру тепщэчым иралъхьэ.

Дашх пІастэ, мырамысэ, чыржын, хьэлІамэ, щІакхъуэ. Шэ хуабэ трафыхьыж. Сэбэпышхуэ яхуохъу псчэрейхэм, Іупс бзаджэ зиІэхэм, щІыІэ зыхьыхьахэм.

Халъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ): мэлылу - г 250-рэ, адыгэ бжьын плъыжь цІыкІуу - г 150-рэ, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

● ЖыІэгъуэхэр

Псалъэ гуапэ ІэфІщи, псалъэ Іущ гукъинэжщ

♦**Пэжыр щІакъуэ щыхъум, пцІым шэсыжащ.**
♦**Пэжыр гъуэгу пхэнжми щылъэпэрапэркъым.**
♦**Пэжыр жиІэфыркъым армыхъумэ, пцІыупсым жимыІэ щыІэкъым.**
♦**Пэжыр бгъэщІакъуэху, пцІым дамэ къытокІэ.**
♦**Псалъэ гуапэ Іэфіщи, псалъэ Іущ гукъинэжщ.**
♦**Псалъэ дыджым удын гъущэри къыуегъэщтэж.**
♦**Псалъэ дыдж хущхъуи пэлъэщыркъым.**
♦**Псалъэр мышэрыуэмэ, шэрыуэу къегъэзэж.**
♦**Псалъэм и шэрыуагъыр и пэжагъым елъытащ.**
♦**Псалъэ Іущым гъуэгу кІыфІыр къегъэнэху.**
♦**Псэлъэгъуэм лІыхъужьыр Іуэхущ Іэгъуэм хуэмыхущ.**
♦**Псым иримыхьэжьауэ шхийм и мыхьэнэр куэдым ящІэркъым.**
♦**Псышхуэ зэпрыкІыпІэм хуэсакъ, делэ зэхуэсыпІэм зыпыІудз.**

КІЭРЭФ Хьэсэнбий.

● Нэщэнэхэр

Пщэдджыжь пшэплъым узэригъэплъэкІыркъым

●**Пхъэдакъэжьым и фэр тепхыну фІыкъым.**
●**Пщыхьэщхьэ пшэплъыр махуибл уэфІщи, пщэдджыжь пшэплъым узэригъэплъэкІыркъым жаІэрт.**
●**ПщІантІэ лъагъуэм удз къытекІэну фІыкъым.**
●**ПыІэ къэзыщэхуам ехъуэхъуртэкъым, узэхъуэхъур щхьэузрилэ мэхъу жаІэрти.**
●**Сабий цІыкІур ялэ губгъуэм щыдахкІэ, лъапэ махуэ ирихьэжьэну жаІэрти, мышхэми, и Іыхьэ худахырт.**

● Си хъуреягъкІэ

ЦІыхухэр хъыджэбз пагэм хуэдэщ

ПІалъэкІэ дыкъызытехьа мы ЩІым дызэрытетыну къытхуиухар зэрымащІэ дыдэм, а мащІэми уз къом ткІэрымыкІым, мыувыІэу къыттехъуэ щІэщхъухэм, дыпсэун къудей щхьэкІэ бэнэныгъэ гуащІэ ух имыІэу едгъэкІуэкІым бэлыхьрэ хьэзабу къыттралъхьэм, абыхэми я гугъу умыщІыхьи, езы гъащІэ хьэлъэ ди псэр пыхуу плІэкІэ тлъэфым дипІытІрэ зы махуэ узху жыдимыгъэІэу ди дуней Іыхьэр зэрыдигъэгъакІуэм си гур пипІытыкІыу сегупсысыжщ зэ щІэрыщІэуи, хьэблэми благъэми - псоми сахуэгуэпэну, сахуэІэфыну си мурад быдэу сыкъэтэджат нышэдибэ. АрщхьэкІэ си жагъуэ къащІу щІадзащ а сызыхуэІэфІыну зызгъэхьэзырахэми, къысІурагъэупщІыІуэжащ.

ЦІыхухэр хъыджэбз пагэм хуэдэщ: сэ фІыуэ слъагъуну солІэ, езыхэм зызагъэлъагъуркъым.

Нэхум кІыфІ щыІэу ищІэркъым

Зымахуэ зы цІыхубз къыщІыхьат си деж. Махуэ ныкъуэ дыпсэлъагъэнщ, зи щхьэфэ димыІэбаи къэнакъым. ЗгъэщІэгъуаращ: и щхьэгъусэри, и бынхэри, и гуащэри, и тхьэмадэри, и гъунэгъухэри, и лэжьэгъухэри, и ныбжьэгъухэри, ауэ и цІыхугъэ къудейхэм нэгъунэ - псори фІыщ, дахэщ, губзыгъэщ, цІыху дыщэ защІэщ ихъуреягъыр.

Сэ абы седаІуэщ, седаІуэри, моуэ сигу къэкІащ: «Мыр езыр нур кІапэщи аращ. Здынэмысым нэсыркъыми, зыхуэдэр ищІэркъым, здынэсым и нурыр тредзэри, зэщІопсэ, дахэ мэхъу, мэлыд налкъутналмэсу».

Нэхум кІыфІ щыІэу ищІэркъым.

ХЬЭХ Сэфарбий.

● Хабзэ

Іэнэ пэрысыкІэ

Адыгэр гуфІэгъуэкІэ зэхьхьэмэ, псори зы гупу зэхэтІысхьэртэкъым. Адэр зыщІэсым быным и Іуэху щыІэтэкъым. Гупхэр нэхъыжь-нэхъыщІэкІэ зэхэхауэ ягъэтІысырт. Абы къикІыр адэмрэ къуэмрэ, зэкъуэшхэм нэхъыжьымрэ нэхъыщІэмрэ яку нэмыс, пщІэ дэлъэныырт.

Іэнэм и нэхъыжьым и ижьырабгъур зылъысыр Іуэхур зейм я благъэу е гъунэгъуу гупым яхэс нэхъыжьырщ, сэмэгурабгъур хьэщІэ нэхъыжьырщ. Тхьэмадэм Іэнэм щищІыр унафэщ. Ар щІэкІын хуей хъумэ, къыщІыхьэжьху гуп унафэр зыгуэрым Іэщ1елъхьэ. Езым и гъусэу зыгуэр дыщІэкІын хуейщ, нэмыс зэрыхуащІыр къигъэлъагъуэу. Ар къыщыщІыхьэжкІэ псори мэтэдж.

Псалъэзэблэдз

1			2			3	4			5
	■	■						■	■	
	■	6		7		8		9	■	
10			■		■		■	11		
			■		■		■			
			12							
13		14	■		■		■	15		16
17			■		■		■	18		
	■	19	20			21	22		■	
	■							■	■	
23						24				

ЕкІуэкІыу: **1.** ... куэд хъуркъым. **3.** Былым къыпэкІу нэхърэ ... къыпэкІу. **6.** Мэлыхъуэр шхын щхьэкІэ лІати, «и гуфІакІэм щэ ... хъунщ», жаІэрт. **8.** И хъер мащІэщ, и гумэщІ .... **10.** Мыщафэ Іэрымылъхьэм гуащэр щумыгъэгугъ, ... мыхъунум ущыгугъыу мыщэм уемыбэн. **11.** Ныбгъуэр ... хэсми хум игу хуэгъэзащ. **12.** ... я нэхъ жагъуэгъумрэ щауэгъум я нэхъ щІасэмрэ зэхуэдэщ. **17.** Делэм куэд ... къыфІощІыж. **18.** Жеймрэ гугъэмрэ ... щІэиныфІщ. **19.** Акъылым уасэ иІэкъым, гъэсэныгъэм ... иІэкъым. **21.** Пхъурылъхур къихьэмэ, псатхьэр ... **23.** Гъэ мэкъумэш ... яух. 24. Джыдащхьэр ..., джыдэкІыр ягъэсыж.

Къехыу: **1.** Мыщащхьэ ..., мыщэ лъэужь умылъыхъуэ. **2.** ... имысрэ псы мывэрэ щыІэкъым. **4.** ... цІыкІу бжьакъуэшхуэ. **5.** Е пщІауэ фІы ущымыгугъ, фІы ... ущІэмыфыгъуж. **6.** Дэгум псори ... фІощІ. **7.** ЗэдэпщІэ щІэхщи, ... Іэфіщ. **8.** Зы хьэщІэм зы хьэщІэ и жагъуэщи, хьэщІитІыр ... и жагъуэщ. **9.** Уи ... зи жагъуэм уи цІэ фІэІейщ. **13.** Илъэс плІыщІыр - дыгъужь плІыщІщ, илъэс хыщІыр - ... хыщІщ, илъэс пщІейр - пэщащэ пщІейщ, илъэсищэр - джэдыкІищэщ. **14.** Щхьэж и ... и гуэгъущ. **15.** Джатэ и ... нанэ щыІэкъым. **16.** Бжьыхьэпэ ... пщы Іупэфіэгъурэ. **20.** Пэжым ... ирещІ. **22.** ... и анэ гъыркъым.

Зэхэзылъхьар
БИЦУ Жаннэщ.

Бадзэуэгъуэм и 13-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **5.** Аргъуей. **6.** Псынэ. **7.** Мы. **8.** Дадий. **10.** Лу. **14.** Хуарэ. **15.** Хъудыр. **16.** Кукъу. **18.** Къургъакъ. **20.** Уд. **21.** Медан. **22.** Адрыщ1.

Къехыу: **1.** Куржы. **2.** Берд. **3.** Псей. **4.** Инал. **7.** Махуэку. **9.** Дыхьэгъ. **11.** Уэрэд. **12.** Къру. **13.** Гъудэ. **17.** Къулей. **18.** Къудан. **19.** Къады. **20.** Урыху.

Джэрмэншык щыщ лІыхъужь

Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэхэм хуит хъуа сабийхэм уи нэІэ ятебгъэкІ зэрымыхъунур, ахэр, я нэгу зрагъэужьрэ пэт, узыхуэсакъыпхъэ куэдым зэрытегушхуэр зым и дежкІи хъыбарыщІэкъым. Псом хуэмыдэу балигъхэм я гулъытэ хуэныкъуэщ зыгъэпскІыпІэхэм япэгъунэгъуу джэгухэм.

ДЖЭРМЭНШЫК дэт школым и 6-нэ классхэм я зым щеджэхэм Прохладнэ къалэм и Іэгъуэблагъэм ит гуэлым и Іуфэм я нэгу зыщрагъэужьрэ пэт, сабийхэми балигъхэми забжыжри, зы щІалэ цІыкІу къэту къыщІэкІащ.

«Дызэрынэсу, псым дыхэлъэри, зыдгъэпскІын щІэддзат, - жеІэж нобэрей хъыбарыр зытеухуа Мэз Темырлан. - Дакъикъэ зыбжанэ дэкІыу си анэр къызэджа нэужь, дабжыжри, Умар къытхэттэкъым. Балигъхэм я зым гу лъитат ар дакъикъищ-плІы хъуауэ зэрамылъэгъуам. ЯпэщІыкІэ къыддэджэгуу зигъэпщкІуа ди гугъащ. ИтІани, дигу загъэтэкъыми: «Умар! Умар!» - жытІэуурэ дыджащ».

Иджы Темырлан и псалъэр зэпыдвгъэуди, Тау Умар къыщыщІар езым зэрыжиІэжым девгъэдаІуэт. «Дызэрынэсу псым сыхэпкІэну сыІулъэдат, сехъуапсэри. Си анэм зэрызагъэпскІ шэрхъ гъэпща къысхуищэхуну щыІукІым: «Сыкъэмысыжауэ, псым ухэмыхьэ», - къызжиІат. Ауэ хуабащэти, схуэшэчакъым. Псым зыщыщІэзгъэмбрыуэм, зэуэ къызжьэдэуэри, сыкъэмэхащ. Дакъикъи 5 хуэдизкІэ псы щІагъым сызэрыщІэлъар иужькІэ къызжаІэжащ, ауэ сэ ахэр сщІэжыркъым».

Псори «Умар! Умар!» жаІэурэ мэкІий. Темырлан и классэгъур зэрамыгъуэтым арэзы къимыщІу, псым зыхедзэ. КъызэрыщІэкІымкІэ, абы и закъуэт и классэгъухэм есыкІэ зыщІэу яхэтыр. «ЯпэщІыкІэ зыри згъуэтакъым, - жиІэжынущ иужькІэ Темырлан. - ЕтІуанэу зыщІэзгъэмбрыуэну зызгъэхьэзырауэ, зэуэ си лъакъуэр псы щІагъым щІэлъ Іэпкълъэпкъым жьэхэуащ. Ар Умару хуэзгъэфащэу, къыхэсхыжын щыщІэздзэм, балигъхэри къыздэІэпыкъуащ».

Сабийм къыхэкІынур къозыгъащІэр апхуэдэу узыхуэмыхьэзыр къэхъуакъащІэхэм зэрызыкъыщигъэлъагъуэрщ. Мыгъэрей гъэмахуэм зэрымыщІэкІэ зи лІыгъэр «къызыІэщІэкІа» Темырлан дежкІи апхуэдиз гулъытэр, дауи, телъыджэщ. ИтІани, абы къегъэлъагъуэ ныбжьыщІэм цІыхум узэрыщыгугъ хьэл нэхъыщхьэр – гущІэгъур – зэрыхэлъыр. ЛІыгъэр, гулъытэр, цІыхугъэр, гъэсэныгъэр а хъугъуэфІыгъуэ нэхъыщхьэм къытегъэсыжа щэныфІагъыу араща, щІалэ цІыкІур зыгъэса адэ-анэми ар зи нэІэ щІэт егъэджакІуэ-гъэсакІуэхэми, къызыдэкІа хьэблэми, къуажэми щыщхэм я щхьэр лъагэу щІаІэтын щхьэусыгъуэ яІэщ. «ЩІэрыщІэу къалъхужащ», - зыхужаІэ, илъэс 11-м ит Тау Умар дежкІэ Темырлан иджы шынэхъыжь къудейкъым, атІэ зыдэплъей лІыхъужьщ.

Балигъым хуэфащэ лІыгъэ къызыкъуэкІа, илъэс 12-м ит джэрмэншыкдэс ныбжьыщІэм и хъыбарыр КъБР-м щыІэ МЧС-м и управленэм нэса нэужь, Мэз Темырлан фІыщІэ тхылъ къыхуагъэфэщащ икІи саугъэт нэхъ инкІэ къыхагъэщын хуэдэу, и дэфтэрхэр Мэзкуу ягъэхьащ.

ЩІалэ цІыкІур спортым дехьэх, кикбоксинг бэнэкІэм зыхуегъасэ. Дэри Темырлан дохъуэхъу и пщІэр кІуэ пэтми нэхъ лъагэ хъууэ, цІыхум хуэфащэ Іуэху дахэхэр хузэфІэкІыу дунейм тетыну.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Актопрак щхьэдэхыпІэм и дахагъэр

ЦІыхухэм ящІэркъым Іуащхьэмахуэ лъапэ щІыпІэ дахэхэм нэмыщІ, лъагъуэ, гъуэгу щэху куэди зэриІэр. Абыхэм ящыщщ Актопрак щхьэдэхыпІэр.

ИЛЪЭС 600 ипэкІэ мы щІыпІэм щыІауэ щытащ дзэзешэ Тамерлан. Хъыбархэм къызэрыхэщыжымкІэ, Актопракым и щІагъымкІэ кІуэцІрыкІыу Шэджэм, Бахъсэн аузхэр зэпищІэу щІыщІагъ гъуэгу иІащ. Пасэ зэманым Актопракым и Іэгъуэблагъэм сату зыщІхэр щызекІуэу щытащ абыкІэ, Китайм шылэ къызэрыраш чэруанакІуэ гъуэгум и зы къудамэу щытауэ хуагъэфащэ. Сату зыщІхэм я хъугъуэфІыгъуэхэр щагъэпщкІурт мы щІыпІэм иІэ бгъуэнщІагъхэм, къыщагъэзэжкІэ къащтэжыну я мураду. Ауэ куэдрэ къахуихуэрт псыщІагъ псынэхэм къуэщынхэр ирахьэжьэурэ ямыгъуэтыжу.

1395 гъэм Тамерлан и дзэр Тохъутэмыщ хъаным кІэлъыкІуэурэ Актопракым щхьэпрыкІауэ щытащ, Бахъсэн аузым хуэкІуэу. Былым къуажэр здэщытым деж зауэ гуащІэ щекІуэкІауэ къаІуэтэж. Тохъутэмыщым и дзэри Тамерлан зэтрикъутауэ щытащ.

Пасэ зэманым Шэджэм, Бахъсэн аузхэм щыпсэухэм я Іэщышхуэхэр Къущхьэхъум зэрыдрахуейуэ щытар щІыщІагъым иІа гъуэгухэмкІэщ. XIX лІэщІыгъуэм урыс зыплъыхьакІуэ Теплов Василий итхыжауэ щытащ Актопрак щхьэдэхыпІэм и щІагъым гъуэгу иІэу зэрыщытар. Ди зэманым къэсакъым а кІуэцІрыкІыпІэхэр. Е псым илъэса, е къелъэлъэхыжа?

Хэку зауэшхуэм и зэманым къагъэуагъэнкІи мэхъу, сыту жыпІэмэ а кІуэцІрыкІыпІэхэм советыдзэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэт. А гъуэгухэмкІэ Іэщэхэри ерыскъыхэри къыщрашэкІыу щытащ, абы икІи «гъащІэ гъуэгукІэ» еджэрт.

XX лІэщІыгъуэм и 30 гъэхэм я кІэм - 40 гъэхэм я пэм къущхьэхъу Іэщхэр а щІыщІагъ гъуэгухэмкІэ щызэрахуэу зэрыщытар зыщІэж гуэрхэм уащрихьэлІэ щыІэщ иджыри.

Хэку зауэшхуэм ипэкІэ мы щІыпІэм цІыху куэд щыпсэууэ щытащ. Ди зэманым Актопракым и Іэшэлъашэм Іэхъуэшыхъуэхэм, бжьахъуэхэм нэмыщІ, зыми ущрихьэлІэркъым.

А щхьэдэхыпІэм иджыпсту машинэ гъуэгу йокІуалІэ. Абы пэмыжыжьэу иІэщ аркэ телъыджэ. Мы щІыпІэм уи гум зыщегъэпсэху, укъикІыжыну ухуэмейуэ, и хъуреягъри икъукІэ щІыпІэ дахэщ. А щхьэдэхыпІэм и гъунэгъуу иІэ Лха бгым и бгъумкІэ екІуэкІыу щытащ Актопракым и щІагъым иІа зэпрыкІыпІэр.

ЩхьэдэхыпІэм метр щитІым нэскІэ удэкІуея нэужь, и ищхъэрабгъу лъэныкъуэмкІэ иІэщ езыр-езыру къэхъуа ухуэныгъэ телъыджэхэр – метр куэд зи лъагагъ чэщанэхэр, быдапІэхэр. Умышынэу удэкІуеймэ, урихьэлІэнущ бгъуэнщІагъ зэхуэмыдэхэм, ауэ усакъын хуейщ, сыту жыпІэмэ, ихъуреягъкІэ псори къызыхэщІыкІари узытеувэри ятІагъуэщ. БгъуэнщІагъхэм ущыщІэтым деж, щІыщІагъ псынэхэм я макъыр зэхыбох. Абыхэм къагъэхъу псыежэххэр фІейщ икІи сэху куэду яхэлъщ.

Іуащхьэмахуэ лъапэ и щІыпІэ нэхъ дахэ дыдэхэм ящыщщ Актопракри абы и Іэгъуэблагъэри.

БИЦУ Жаннэ.

● Дыщалъхуа щІыналъэм



Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ № ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ. (12+)

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.389 • Заказыр №1540

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А